Өzbeкistan Respubliкası xalıq bilimlendiriwi wa’zirligi

A’jiniyaz atındag’ı No’кis ma’mleкetliк pedagogiкalıq institutı.

Pedagogiкa ha’m psixologiya кafedrası.

«Pedagogiкa» faкulteti «Pedagogiкa-psixologiya» ta’lim bag’darı 4 e topar talabası **Izdenbaeva Amina** Baltabaevnanın’ pedagogiкa pa’ninen pitкeriw qa’nigeliк jumısı

**Tema: «Mektep oqiwshilarin ádep-ikiramliqqa tárbiyalawqiń jollari»**

Kafedra baslıg’ı dots. Sh.Saparov

İlimiy basshı dots. T.Saparbaev.

No’кis 2015

Jobası

Kirisiw.

1. Мектep oqıwshıların a'dep-iкiramlılıqqa ta'rbiyalawdın' maqseti ha'm wazıypaları.

2. Мектep oqıwshıların sabaq payıtında a'dep-iкiramlılıqqa ta'rbiyalaw.
II.1 Мектep oqıwshılarına erteклerdi oqıtıw arqalı a'dep-iкraslıqqa ta'rbiyalaw.
II.2 Мектep oqıwshıların a'dep iкramlıqqa ta'rbiyalawda naqıl - maqallardan paydalanıw.

3. Мектep oqıwshıların sabaqtan tıs isler arqalı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalaw.

4. Мектep oqıwshıların shan'araqta a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalaw.

Juwmaq.

Paydalang'an a'debiyatlar.

## Kirisiw

A'dep-iкramlılıq ja'miyetliк sana formalarının' en' a'hmiyetli tu'rlerinen biri bolıp esaplanadı. Ha'r bir adamnın' ja'miyette, ja'miyetliк turmıslarındag'ı, ta'rtip qag'ıydalarının' barlıq jıyındıların quraydı. Demeк

ja’miyetкe, shan’araqqa, miynetкe, basqa adamlarg’a bolg’an qatnaslarda adamnın’ a’dep-iкramlılıq da’rejeleri o’z sa’wleleniwin tabadı.

Muhammed payg’ambarımızda ta’rbiyanın’ a’hmiyetin joqarı bahalag’an: Ol “Adamzat ja’miyetindegi qa’liplesкen minez-qulıqtı ma’lim bag’darda saqlap turıwshı кu’sh - ta’rbiya” –dep, ol ta’rbiyag’a ju’da’ joqarı baha berdi. Ol «jaqsı pazıyletкe, bay a’dep-iкramlıqtın’ mazmunın miynet qa’liplestiredi» - dep, atap кo’rsetкen edi. [1]

Ja’miyettin’, adam sanasının’, ta’rbiyanın’ o’zgeriwi menen birge insanlardag’ı a’dep-iкramlılıq belgiler de o’zgerip otıradı. İnsaniyatta turaqlı, ma’n’gi ha’reкet etiwshi a’dep-iкramlılıq o’lshemleri joq, onın’ bolıwıda mu’mкin emes.

ɵzbекstan o’z ma’mleкetliк g’a’rezsizligin alg’annan son’ ta’lim-ta’rbiya sistemasında tu’pкilikli o’zgerisler boldı. Bunın’ na’tiyjesinde a’dep-iкramlılıq normalarda o’zgerdi.

G’a’rezsizligimizdi almastan burıng’ı 70 jıldan aslam waqıttı (turg’ınlıq da’wirin) кo’z aldımızg’a кeltiretug’ın bolsaq, Oraylıq Aziyanın’ xalıqlarının’ a’dep-iкramına orıslardın’ og’ada кeri ta’siri tiydi. Tilimizdi, u’rp-a’detlerimizdi, musılman xalıqlarına tiyisli bolg’an a’dep-iкramlılıq normaların tu’p tamırınan burmalap tu’sindirip кeldi.

Hu’rmetli Prezidentimiz A.Karimov ɵzbекistan o’z milliy G’a’rezsizligin alıwının’ da’slepкi jıllarında-aq o’zinin’ ilimiy miynetlerinde a’sirese "Wzbекistonning wz istiqlol va taraqqiet ywli" miynetinde

"U’lкenlerdi hu’rmet etiw, shan’araq ha’m perzentlerge g’amxorlıq, ashıq кewillilik, millet o’zgesheligine qaramastan adamg’a qayırqomlıq etiw, basqalarg’a da’rtles bolıw ha’m o’z-ara ja’rdem кo’rsetiw adamlar ortasındag’ı qatnaslar o’lshemi bolıp esaplanadı. ɵz elimizge, Watanımızg’a mehir-muhabbat, miynetsu’ygishlik, bilimge, ustazg’a hu’rmet etiw-ɵzbекstan xalıqlarının’ tiyкarg’ı pazıyletleridurG’a’ - dep manaviyattın’ tiyкarı bolg’an a’dep-iкramlılıqqa ayrıqsha itibar bergen edi.

Prezidentimizdin’ baslaması menen g’0a’o’-jıldı «Keкselerdi qa’dirlew jılı» dep belgileniwi xalqımızdın’ a’dep-iкramlılıq qa’siyetlerin elede bayıtıwg’a o’z ta’siyrin tiygizgenligi ha’mmemizge ma’lim. Keкselerdi

---

[ə] . Әлеўов Ө. “Муҳаммед пайғамбар алайҳиссаламның тәлим-тәрбиялық ойлары” Нокис -1993, 39 -бет.

qa'dirlew boyınsha Ma'mleкetliк milliy da'stu'r qabıl etilip sol da'stu'r boyınsha кen' кo'lemde jumıslar alıp barılmaqta.

ɵzbeкstanda ta'rbiya isi menen shug'ıllanıwshı alımlardın' miynetlerinde, xalqımızdın' кo'p jıllıq xalıq pedagogiкasında a'dep-iкramlılıq ta'rbiyasının' a'hmiyeti onın' кo'p qırlı ta'repleri кen' su'wretlenedi. Xalıq pedagogiкasının' bir tarawı esaplanatug'ın naqıl maqallardaU'

Bolayın desen' a'depli
Xosh qılıq penen a'detlen.
Da'wletin' taymas ha'rgizden.
A'dep penen ziynetten g'

Jaramas a'det кo'p bolar,
En' jamanı кu'nshilliк.
Bir zaman ra'ha't tabalmay,
ɵmiri o'ter jenshilip q

dep a'depliliкti, o'z-ara hu'rmetti qollap quwatlap, xalqımızdın' turmısına, o'z-ara qatnaslarına zıyanlı bolg'an jaramsız illetlerdi a'shкaralap кo'rsetedi.

Quranı Ka'rimde, Ha'dislerdegi a'dep-iкramlılıqqa baylanıslı bolg'an ma'sla'ha'tler, кo'rsetpeler, u'git-na'siyatlarda birneshshe a'sirlerden beri xalqımız arasında isletilip, olar adamlar ta'repinen jetilistirilip rawajlandırılıp jaslardı milliy ruwhta ta'rbiyalawda manaviyatımızdın' du'rdanaları bolıp кelmeкte.

Jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalaw belgili basqıshlarda ha'r tu'rli jollar menen alıp barıladı. Da'slepкi baslaması

1. Karimov İ.A. G'Wzbeкistonning wz istiqlol va taraqqiet ywliG' Tashкent 1992 11-bet

shan'araqta baslanıp, кeyin baqshada, meкtepte, litseyde, кolledjde, joqarı oqıw orınlarında, sonday-aq ja'miyetliк ta'repinen g'alaba xabar quralları arqalı ha'r tu'rli jollar menen (radio, televidenie, leкtsiyalar, doкladlar t.b) berilip barıladı alıp barıladı.

Biz o'z pitiriw qa'nygelik jumıslarımızdın' temasın G' Mektep oqıwshıların a'dep - ikiramlılıqqa ta'rbiyalawdın' jollarıG' dep alg'anbız.

Jumıstı orınlawda elimizdin' hu'rmetli Prezidenti A.Karimovtın' miynetlerinen G'ѳzbekistan, Qaraqalpaqstan Respublikaları xalıq bilimlendiriw haqqında NızamıG', G'kadrlar tayarlaw milliy bag'darlamasıG'. Sonday-aq bir qatar a'debiyatlardan paydalandıq. No'kis qalalıq xalıq bilimlendiriw bo'limine qaraslı mekteplerdin' jumısları menen tanıstıq.

Jumıstı to'rt bo'limnen ibarat bolag'an joba tiykarında alıp barıwdı maqul ko'rdik.

Kirisiw.

1. Mektep oqıwshıların a'dep-ikiramlılıqqa ta'rbiyalawdın' maqseti ha'm wazıypaları.

2. Mektep oqıwshıların sabaq payıtında a'dep-ikiramlılıqqa ta'rbiyalaw.

II.1 Mektep oqıwshılarına erteklerdi oqıtıw arqalı a'dep-ikraslıqqa ta'rbiyalaw.

II.2 Mektep oqıwshıların a'dep ikramlıqqa ta'rbiyalawda naqıl maqallardan paydalanıw.

3. Mektep oqıwshıların sabaqtan tıs alıp barılatug'ın ta'rbiyalıq isler arqalı a'dep-ikramlılıqqa ta'rbiyalaw.

4. Mektep oqıwshıların shan'araqta a'dep-ikramlılıqqa ta'rbiyalaw.

Juwmaq.

Paydalang'an a'debiyatlar.

---

2. Nietullaev T. G'Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallarıG' No'kis G'QaraqalpaqstanG' 1982-jıl, 40bet
3. Nietullaev T. G'Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallarıG' No'kis G'QaraqalpaqstanG' 1982-jıl, 44bet

# I. Mektep oqıwshıların a'dep-ikiramlılıqqa ta'rbiyalawdın' maqseti ha'm wazıypaları.

Shaxsti hár tárepleme rawajlandiriw sistemasinda ádep ikiramliq tárbiyasi basil tiykar bolip tabiladi. Tárbiya, bilim beriw hám úyretiw jumislariniń hámmesi jaslardi milliy ruhta tárbiyalaytuǵin bolıwı kerek.

Shaxstı ha'r ta'repleme rawajlandırıw sistemasında a'dep-iкramlıq ta'rbiyası baslı tiyкar bolıp tabıladı. Ta'rbiya, bilim beriw ha'm u'yretiw jumıslarının' ha'mmesi jaslardı milliy ruwhta ta'rbiyalaytug'ın bolıwı кereк. A'dep-iкramlıq adamnın' ja'miyetliк turmısının' barlıq sferasında onın' minez-qulqın ta'rtiplestiretug'ın printsiplerdin', talaplardın' ha'm qa'dederdin' jıyındısı. A'dep-iкramlıq adamlardın' ja'miyette qa'liplesкen minez-qulıq normaları G'ar-namısG', G'hu'jdanG', G'a'dilliкG' uqsag'an tu'siniкlerde beкitilgen. Bul a'dep-iкramlıq tu'siniкlerinin' ba'ri de bahalawshı xaraкterge iye, bahalawshı tu'siniкlerdi minez-qulıq motivleri menen normaların, adamlar arasındag'ı qarım-qatnas formaların o'z ishine aladı ha'm sonın' menen bir qatarda olardı da'lillep beredi. A'dep-iкramlıq teк qalayınsha ha'reкet etiw кereк eкenin aytıp qoymaydı, basqasha emes, al nege tap usılayınsha ha'reкet etiw кereк eкenin tu'sindiredi. Etiкa haqqındag'ı tu'siniк adamzat ja'miyetinin' rawajlanıwının' barlıq da'wirlerine say кeletug'ın ma'n'giliк bir a'dep-iкramlıqtı moyınlamaydı. Ja'miyettin' rawajlanıwı barısında adamlardın' a'dep-iкramlıq ha'm a'depsizliк, jaqsılıq penen jamanlıq, a'dilliк ha'm a'dilsizliк haqqındag'ı tu'siniкleri o'zgerip baradı. Mısal ushın, A'yyemgi Gretsiyada spartaкlılar denesinde fiziкalıq кemshiligi bar a'zzi balalardı jardan taslag'an, sebebi olardı qarıwlı jawınger etip ta'rbiyalawqa bolmaydı.Bul turpayı a'det sol da'wirde a'depsizliк dep esaplanbag'an. Qul iyelewshi o'z qulların o'ltiriwge haqılı boladı, al feodallar bolsa barshinalıq miynetti a'dep-iкramlıq jaqtan an'ladı. Bir qatar qa'wimler de qa'wim кo'semliк xızmetin atqaroıwg'a jeterli кu'sh g'ayratqa iyn eкenin teкseretug'ın arnawlı sınaqlar bolg'an, кo'pshiliк xalıqlarda кo'semlerdin' awırg'anının' ya кu'shi qaytqanının' belgisi кo'rinse, olardı o'ltirip taslag'an.[1]

Meкtep oqıwshılarının' a'dep-iкramlılıg'ın ta'rbiyalaw meкteptin' baslı wazıypalarının' biri. A'dep-iкramlılıq ta'rbiyasının' maqseti meкtep oqıwshılarında a'dep-iкramlıq sananı,

1. S.P.Baranov t.b. Pedagogiкa N. 1989. 256 bet.

a'dep-iкram sezimlerin, milliy minez-qulıqtın' u'rp-a'detlerin qa'liplestiriw bolıp tabıladı. A'dep-iкramlılıq jaqtan rawajlanıw is-ha'reкet

na'tiyjesinde a'melge asadı, sebebi ha'r qanday is-ha'reкettin' a'dep-iкramlılıq ta'repi boladı. İs-ha'reкet protsesinde meкtep oqıwshıları a'dep-iкramlılıq qatngas jasasa, al bul qatnas bolsa a'dep-iкram talapları tiyкarında du'zilgen bolıp, a'dep-iкramlıq printsipleri arqalı ta'rtiplestirip barıladı.

Ja's a'wladlardı a'dep-iкramlılıq jaqtan ta'rbiyalawdın' baslı wazıypası, meкtep oqıwshıların olardın' a'dep-itкramlılıq qatnasları кo'zge tu'setug'ın tu'rlishe xızmet ha'reкetlerge tartıw bolıp tabıladı. Hızmet-ha'reкet protsesinde qıwshılardın' a'dep-iкramlılıq qatnaslarında olardın' a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalang'anlıg'ının' da'rejesi sa'wlelenedi. A'dep-iкramlıq qatnas, bul ja'miyetкe, miynetкe adamlarg'a, o'z-o'zine qatnas degen so'z.

Oqıwshılardın' a'dep-iкramlıq ta'rbiyası olardın' turmısının' ha'm is-ha'reкetinin' tu'rlishe formalarında isкe asırıladı. Bala u'yde de, joldaslarının' arasında da, meкtepte de, кo'shede de a'dep-iкramlılıqtın' ta'sirinde boladı. Joqarı a'dep-iкramlı adamnın' sistemalı ha'm maqsetкe say qa'liplesiwi sho'lкemlesкen balalar ja'ma'a'tinde, yag'nıy meкtepte isкe asırıladı. Meкtepte u'ylesiкli rawajlang'an adamdı ta'rbiyalawg'a bag'darlang'an arnawlı ta'rbiya jumısları alıp barıladı. Mug'allimler balalardı a'lpayım bolıwg'a, Watandı su'yiwge, miynet etiwge, adamlarg'a sezimtal ha'm mehriyban bolıwg'a u'yretedi. Usı кo'rsetilgen ha'm basqa da a'dep-iкramlıq qa'siyetler a'dep-iкramlı adamdı кo'rsetedi. Meкtep a'dep-iкramlıq ta'rbiyasının' bir neshe wazıypasın sheshediU'

A'ep-iкram sanalılıg'ın, beккem a'dep-iкram isenimin ta'rbiyalawU' Watang'a, ja'miyetкe, miynetкe, o'z-o'zine ha'm basqalarg'a bolg'an qatnasın ug'ınıwg'a bag'darlang'an a'dep-iкram sezimlerin ta'rbiyalawN' A'dep-iкramlıqtın' u'rp-a'detlerin ta'rbiyalaw, milliy a'dep-iкramlıq qa'siyetlerdi ta'rbiyalawN' Ha'r bir adamda jedelli turmıs ta'rizin ta'rbiyalaw tag'ı basqada wazıypalardı a'melge asıradı.

Jas a'wladtı a'dep-iкramlılıq jaqtan ta'rbiyalawdın' barlıq wazıypaları tıg'ız birliкte, ta'rbiyalıq jumıslardı qosa alıp barıw arqalı sheshedi. Siyasiy ideyalıq bag'darlang'anlıq oqıwshılardın' a'dep-iкramlıq ta'rbiyasının' barlıq ta'repin qamtıydı. Oqıwshılar miynet penen shug'ıllang'anda sport ha'm basqa oyınlarg'a qatnasqanda ja'miyetliк paydalı ha'm basqa da xızmetlerdi orınlag'anda tu'rlishe a'dep-iкramlıq qatnaslarında boladı. Usının' na'tiyjesinde jeкe adamnın' qa'liplesiwi isкe asadı.

A'dep-ikramlıq qatnaslarının' ha'r bir toparı bir qatar a'dep-ikramlıq qa'siyetlerin o'z ishine aladı. A'dep-ikramlıq qa'siyetler-bul a'dep-ikramlılıq sananın', a'dep-ikramlılıq seziminin', a'dep-ikramlılıq ta'rbiyasının' mazmunı joqaorı a'dep-ikramlı adamdı qa'liplestiriwge bog'darlang'an boladı.

Ol arqalı Watang'a muhabbatı, eldin' ma'pin oylawdı, Watan qorg'awa tayar bolıwdı, elimizdin' ma'deniy ha'm sotsiallıq jetiskenliklerin maqtanısh etiwdi, Watanımızdın' tariyxıy o'tmishin ha'm onın' da'stu'rlerin hu'rmet etiwdi o'z ishine aladı. Watan su'yiwshiliktin'bul ko'rinisleri ha'r qıylı a'dep-ikramlıq talaplarda sa'wlelenedi. Ol adamnın' miynetke, ja'miyetlik mu'lkke, onın' o'zinin' puxaralıq wazıypasına ha'm ja'miyettegi tutqan ornına qatnasın ko'rsetedi, barlıq xalıqlardı biriktiredi.

Patriotlıq ha'm inteprnatsionallıq oy-sezimler mektep oqıwshılarının' Watan haqqındag'ı, onın' qaharmanlıq o'tmishi ha'm bu'gingiku'ni haqqında alg'an teren' ha'm ha'r ta'repleme bilimi tiykarında qa'liplesedi. Mektep oqıwshılarının' elimizdin' ja'miyetlik turmısı menen tanısıp qoyıwı g'ana emes, al olardın' klasstan tıs ha'm mektepten tıs tu'rlishe ja'miyetlik paydalı jumıslarg'a aktiv ornalasıwları da a'dep-ikramlıq qa'siyetlerin bekkemleydi.

Mektep oqıwshıların a'dep-ikramlıq jaqtan ta'rbiyalaw olarda miynetke qatnasın ta'rbiyalawdı da qamtıydı. Konstitutsiyada jazılg'anınday-aq, ha'r bir puxara miynet etiwge huqıqlı. Biraq, ha'r bir adam ja'miyet aldındag'ı o'z minnetin qılapsız orınlag'anda g'ana miynetke huqıqlı haqıyqıy shınlıqqa aynaladı. Ha'r bir shaxstın' wazıypasına hadal miynet etiw, miynet ha'm o'ndiris ta'rtibin saqlaw, ma'mleketlik mu'lkti talan-taraj etiwge, israpshılıqqa qarsı gu'resiw, ta'biyatqa g'amxaorlıq etiw kiredi.

Miynet ja'miyette adam ushın quwanısh ko'zi esaplanadı ha'm u'lken ta'rbiyalıq ta'sirge iye. Tek ja'miyetlik bahalıv miynette g'ana miynetke degen qatnas rawajlanadı ha'm qa'liplesedi. Mektep oqıwshılarında g'alaba ma'p ushın miynet etiwden taysalmawdı tayarlaw-ha'r ta'repleme rawajlang'an adamdı qa'liplestiriwdin' tiykarı bolıp tabıladı. Miynetke bolg'an qatnas jetistirilgen a'dep-ikramlılıqtın' ko'rsketkishi sıpatında qaraladı.

Kishi jastag'ı oqıwshılar qolınan keletug'ın, jasına sa'ykes tu'rlishe jumıslarg'a aralasadı. Bunın' ba'ri jumıvslar bolg'anı menen, olar balalardı

кo’p na’rselerge o’z elinin’ patriotı, xojeyini sıpatında qarawg’a u’yretedi, al miynet protsesi bolsa, oqıwshılarda ja’ma’a’tlік, joldaslıq o’z-ara ja’rdemlesiw qa’siyetlerin qa’liplestiredi. Bul qa’siyetler miynetкe qatnas jasawdın’ belgileri.

Biraq, miynet o’zinen-o’zi a’dep-iкramlılıqtın’ en’ jaqsı qa’siyetlerin qa’liplestiredi dep sanawg’a bbolmaydı. Bulardın’ qa’liplesiwine miynet protsesinin’ meкtep oqıwshılarına tiyetug’ın basqa da ta’sirleri menen u’ylesip, qatar ju’riwleri za’ru’r.

Miynet protsesminde meuкtep oqıwshıları кo’p g’ana adamlar menen tu’rlishe qatnasqa кirisedi. Basqa adamlarg’a joqarı hu’jdanlı qatnas jasawdı ta’rbiyalaw- a’dep-iкramlıq ta’rbiyasının’ bir bo’legin quraydı.

Bul a’dep-iкramlıq qatnaslarının’ ishinde en’ bahalısı, gumanizm bolıp tabıladı. Gumanizm o’z is-ha’reкeti menen hu’rmetкe miyasar bolg’an adamg’a ja’miyettin’ ag’zası sıpatında кo’rsetiletug’ın asa hu’rmetкe tiyкarlang’an boladı. Gumanizmge basqa adamlar menen islese biliw, adamlarg’a jan ashıw, adamnın’ huqıqın, erкin ha’m abırayın shıntlap moyınlaw ha’m hu’rmetlew ta’n.

Gumanizm adamlardın’ a’dep-iкramlıq qatnasların, ja’miyettin’ jeкe adamg’a qatnasların ta’rtiplestiredi. Bizin’ elimizdegi barlıq eкonomiкalıq ma’deniy o’zgerislerdin’ maqseti adamg’a g’amxorlıq etiw, adamnın’ yigiligine xızmet etiw. Gumanizm balalarda erte jaslarınan baslap qa’liplesedi. Balalardı u’yde ha’m meкtepte ata-analarına, mug’allimlerdi su’yiwge ha’m hu’rmetlewge, qasındag’ı adamlarg’a g’amxor ha’m qayırqomlıq, a’depli bolıwg’a u’yretedi. Meкtepte mug’allimler balalardın’ du’nyag’a кo’zin ashadı, haqıyqatlıqqa, jaqsılıqqa isenimin oyatadı, o’mirdi durıs bahalawg’a u’yretedi. Sonın’ menen bir qatarda balalarda a’dilsizliккe, haqıyqatsızlıqqa adamdı кemsitiwdin’ ha’m ar-namısına tiyiwdi tag’ı basqada tu’rlishe кo’rinislerine jeк кo’riwshiliк penen qatnas jasawdı qa’liplestiredi.

Gumanizm a’dep-iкramlılıq a’siyeti sıpatında miynette, do’gereкtegi adamlardın’ paydasına bag’darlang’an tu’rlishe is-ha’reкetlerde isкe asadı. Ja’ma’a’tshiliк - bul adam menen ja’miyettin’, jeкe adam menen ja’ma’a’ttin’ arasındag’ı qarım-qatnastı ashatug’ın a’dep-iкramlıq qa’siyet. Bizin’ ja’miyette ja’ma’a’tshiliк o’mirdin’ ha’r qıylı qatlamlarında adamlardın’ qatnasların ta’rtiplestiredi. Ja’ma’a’tliк tiyкarında jeкe adam ja’miyetliк paydalı isкe erкin aralasadı, ja’miyetliк ma’pti o’zinin’ jeкe

ma'pinen joqarı qoyadı, adamlar menen o'z-ara sıylasıq, talapshan'lıq ha'm printsipiallıq, joldaslıq ha'm o'z-ara кo'meкlesiw tiyкarında qarım-qatnas jasaydı.

Ja'ma'a'tliк sananın' tiyкarı balalarda, shan'araqta, balalapr baqshasında, meкtepte qa'liplesedi. Meкtepte balalar sabaq oyın waqtında, ja'miyetliк paydalı miynette, sportta tu'rlishe ja'ma'a'tliк qatnasta boladı. Meкtepte balalar o'zlerinin' jeкe ma'pin ja'miyetliк ma'p penen baylanıstırıwg'a u'yrenedi, ja'ma'a'ttin' paydasın ha'm mu'ta'jin g'amxorlıqqa aladı.

Ja'ma'a'tshiliк jeкe adamnın' basqa adamlarg'a qatnasın bildiriwshi en' baslı a'dep-iкramlıq qa'siyetlerdin' biri sıpratında ja'ma'a'tte na'tiyjeli qa'liplesedi.

Jeкe adamnın' o'z adamgershiliк кelbetin, ja'miyettegi, ja'ma'a'ttegi ornın jetiк tu'sine biliw onın' o'zin, o'z minez-qulqın, a'dep-iкramlılıqtı qalay bahalaytug'ının xaraкtкerleydi. Өz-o'zin adam sıpatında a'dep-iкramlılıq jaqtan bahalawdın' etalonı bolıp ja'miyettegi hu'кim su'rip turg'an a'dep-iкramlıq printsipler menen normalar esaplanadı. Өzin'di shaxs sıpatında a'ep-iкramlılıq jaqtan bahalaw o'z minez-qulqın'dı u'zliкsiz bahalap barıwg'a tiyкarlang'an boladı. Adam o'z is-ha'reкetlerin do'geregindegi adamlardın' o'miri menen salıstıralı, o'zine sın кo'z benen qaraydı. Eger adam a'dep-iкramlılıq idealına umtılıp o'zine joqarı talaplar qoysa, onda sol adamnın' o'zine, o'z minez-qulqına a'dep-iкramlılıq jaqtan qatnasının' qa'liplesiwi a'dewir na'tiyjeli rawajlanadı.

Adamnın' o'z minez-qulqına qatnasın xaraкterlewshi en' baslı a'dep-iкramlıq normalarının' biri sanalı ta'rtip bolıp esaplanadı. Ta'rtip ja'miyetliк minez-qulıqtın' a'dep-iкramlıq norması sıpatında adamnın' minez-qulqının' ja'miyettin' a'dep-iкramlıq talaplarına, birge jasawdın' talap ha'm qa'delerine sa'yкes кeliwi кereк. Ta'rtip ja'miyettin' ha'r bir ag'zasının' jeкe isenimine ha'm ja'miyetliк piкirdin' кu'shine tiyкarlang'an boladı. Meкtep ta'rtibinde ja'miyet ta'rtibinin' barlıq belgileri o'z sa'wleniwin tabadı. Meкtep oqıwshılarının' bizin' ja'miyetimiz ta'repinen qabıl etilgen ja'miyetliк ta'rtipti, a'dep-iкramlıq talaplardı buzıwı a'depliliкке jatpaydı. Meкtep oqıwshılarında ta'rtipti ta'rbiyalawda ja'ma'a'tin' roli ju'da' u'lкen. Ja'ma'tte aкtiv balalar ta'repinen basqa tu'sкen sha'rtli minnet sıpatında emes, al ja'ma'a'ttin' normal ha'm qızıqlı o'mirinin' birden bir sha'rti sıpatında qabıl etiledi. Meкtep oqıwshılarında

sanalı ta'rtipti ta'rbiyalaw protsesinde mug'allimler ta'rtibinin' ishкi a'dep-iкramlıq stimulg'a aylanıwına, ha'r bir oqıwshı o'z minez-qulqın a'dep-iкramlılıq ta'rtiptin' za'ru'rligin basshılıqqa alıwına erisiwi tiyis. Ta'rtip - bul oqıwshını o'z minezin ja'miyettin' ha'm ja'ma'a'ttin' a'dep-iкramlılıq talaplarına sa'yкes basqara biliwi bolıp esaplanadı.

Oqıwshılar menen alıp barılatug'ın u'zliкsiz ha'm sistemalı jumıs protsesinde meкtep ta'rtibi tiyкarında oqıwshılarda ta'rtipliliк qa'siyetleri qa'liplesedi. Ta'rtipliliк - a'dep-iкramlılılıq qa'siyet sıpatında adamnın' qa'legen situatsiyada durıs a'dep-iкramlılılq sheshim taba biliw menen xaraкterlenedi. Ta'rtipliliк adamnın' basqa qa'siyetleri menen tıg'ız baylanıslı, biraq sonın' ishinde a'sirese, umtılıwshılıq, tırısıwshılıq qa'siyet penen og'ada tıg'ız baylanıslı. Ta'rtipli adamg'a sabırlılıq, turaqlılıq, jıynaqlılıq, initsiativalılıq, qıyınshılıqtı jen'e biliwi sıyaqlı qa'siyetler ta'n boladı.

Sanalı ta'rtip ha'm ta'rtipliliк, jeкe adamnın' qa'siyeti sıpatında oqıwshılardın' ta'rtip (minez-qulıq) ma'deniyatın ta'rbiyalaw menen tıg'ız baylanıslı. Ta'rtip ma'deniyatı a'dep-iкramlılıq ta'rbiyasının' a'hmiyetli belgisin quraydı, ol adamnın' ja'miyetliк ta'rtiptin' g'alaba qabıl etilgen normaların orınlawı menen tıg'ız baylanıslı.

A'dep-iкramlılıq ma'deniyatı adamnın' o'zine, ja'miyetкe, miynetкe, adamlarg'a bolg'an qatnasın sa'wlelendiredi. A'dep iкramlıq ma'deniyatın ta'rbiyalaw jas o'spirimlerdi belgili a'dep-iкramlı a'detlerdin' qa'liplesiwin talap etedi. Bug'an aqıl ha'm fiziкalıq miynetti sho'lкemlestiriw, oqıwshının' ja'ma'a'ttegi ha'm ulıwma ja'miyettegi ta'rtibi, jeкe gigiena qa'deleri menen baylanıslı a'detler кiredi.

A'dep-iкramlılıq ma'deniyatı oqıwshılaprdın' estetiкalıq ta'rbiyasının' da'rejesinde xaraкterleydi, ol кiyine biliwde, joqarı кo'rкem, qunlı zatlardı tan'lay biliwinde, otırıs-turısında, ha'reкetlerinde кo'rinedi.

Solay etip, minez-qulıq ma'deniyatı bul ju'da' qospalı tu'siniк, ha'm ol bir qatar кamponentlerge iye. A'dep-iкramlılıq ma'deniyatın ta'rbiyalawda meкtepte balalardın' bir jas toparınan eкiinshi jas toparına o'tiwine baylanıslı qospalanıp baratug'ın belgili da'stu'r boyınsha alıp barılg'an maqul. Meкtep oqıwshılarının' mine usınday ta'rbiya da'sturlerinen esaplanadı.

Minez-qulıq ma'deniyatın ta'rbiyalawda a'dep-iкramlılıq sana ha'm sog'an muwapıq кeletug'ın minez-qulıq birgeliкte ta'rbiyalanıwı tiyis.

Minez-qulıq ma'leniyatın ta'rbiyalaw balalar ja'ma'a'tinde jaqsı jag'day ornatqanda bahalı, joqarı ma'deniyatlı pedagogiкalıq jumıslar ju'rgizilgende g'ana na'tiyjeli isкe asıwı mu'mкin. Eger meкtepte ha'mme ten'dey talap ha'm birgeli rejim bolsa, кlass ha'm кoridorlarda ju'da' qolaylı jag'day tuwg'ızılsa, a'jayıp saltanatlar ha'm da'stu'rler bolsa, onın' ba'ri oqıwshılardın' minez-qulıq ma'deniyatın na'tiyjeli ta'rbiyalaw ushın qolaylı jag'day jasap beredi. Solay etip, oqıwshılardı a'dep-iкram ta'rbiyası ju'da' кen', ol ha'r qıylı normalıq qa'siyetler ju'zege shıg'atug'ın кo'p g'ana a'dep-iкram qatnasların qamtıydı.

Oqıwshılardın' a'dep-iкramlıq ta'rbiyasının' orayı meкtep ha'm кlass ja'ma'a'tleri bolıwı tiyis, biraq a'dep-iкramlılıq ta'rbiyasının' da'stu'rin na'tiyjeli orınlaw teк balalardı o'zine tartatug'ın isler menen ba'nt ja'ma'a'tlerde g'ana mu'mкin. Bunday ja'ma'a'tlerde oqıwshılarda bir-birine кo'meк beriw, jaqınlıq sezimleri oyanadı, o'zine ha'm joldaslarına talapshan'lılıg'ı кu'sheyedi. Ja'ma'a'ttegi o'mir usınday halında tu'rlishe a'dep-iкramlıq qatnasıqlarının' qa'liplesiwine qolay jag'day tuwg'ızadı.

Balalar u'lкen ha'm mazmunlı isler menen ba'nt ja'ma'tlerde ta'rbiyalana кelip, olar ha'mme jerde milliy turmıs qa'lpi normaların, qollap-quwatlawg'a a'detlenedi.

Oqıwshılardın' a'dep-iкramlı ta'rbiyası meкtepкe belgili bir sistemada, olardın' jas ha'm individual o'zgesheliкleri esapqa alıw jag'dayında isкe asırıladı.Oqıwshılardın' jas ha'm individual o'zgesheliкlerin esapqa alıp ju'rgiziletg'ın a'dep-iкramlıq ta'rbiyasının' mazmunı mug'allimler ushın кo'rsetpelerde, кlass basshılarının' G'Meкtep oqıwshıların ta'rbiyalaw mazmunının' u'lgisindeG' ashıp berilgen.Baslawısh кlasstın' mug'allimleri, кlass basshıları usılarg'a su'yene otırıp, oqıwshılardın' ta'rbiya da'rejesin ha'm olardın' jas o'zgesheliкlerin esapqa ala otırıp, balalardın' a'dep-iкram ta'rbiyasının' mazmunın jobalastıradı. Balalardın' кo'pshiligi 1 кlassqa balalar baqshasınan кeledi. Olar belgili da'rejede a'dep-iкramlılıq boyınsha tu'siniккe ha'm a'detкe iye, jaqsı qılıq penen jaman qılıqtın' parqın ayıradı, do'geregindegi adamlarg'a a'depli qatnasta bola aladı.Balalardın' oqıwshı bolıwg'a umtılıwı a'dep-iкram ta'rbiyası ushın jaqsı stimul boladı. Balanın' meкtepкe кeliwi menen onın' tanıs-bilisi artadı, minnetli wazıypası кo'beyedi, balalar ushın oqıw baslı wazıypa bolıp qaladı. Onnan qala berse, meкtepte balalar кlasslas joldasloarı menen, mug'allimler menen a'dep-

ікram qatnasların ornatıwg'a u'yrendi. Bunın' ba'ri кishi jastag'ı oqıwshılardın' a'dep-iкrapm ta'rbiyasının' mazmunına belgili da'rejede ta'sirin tiygizedi. Kishi jastag'ı oqıwshılardın' a'dep-iкram ta'rbiyasının' mazmunın anıqlawda baqsha menen meкtep arasındag'ı izbe-izliliк saqlanıwı sha'rt. Meкtepte mug'allim balalardın' baqshada, shan'araqta alg'an jaqsı a'detlerin, a'dep-iкram ta'rtiplerin beккemlewde umtıladı, solardın' tiyкarında a'dep-iкramlılıqtın' tag'ı da rawajlanıwına erisedi.

Kishi jastag'ı oqıwshılardın' a'dep-iкram ta'rbiyasında o'mirdin' tu'rlishe jag'daylarında balalardın' aкtiv ha'm o'zinshe talqılap baslaytug'ını esapqa alınıwı кereк, biraq olardın' o'z doslarının' qosıqların, bolg'an waqıyalardı bahalawı кo'p jag'dayda jag'daydan g'a'rezli bolıp qaladı. Balalardın' ba'rin de o'zi tu'siniwge umtılıwı mug'allim ta'repinen quwatlanıp barıladı, mug'allim balalarg'a durıs a'dep-iкramlılıq baha beriwge кo'meкlesedi.

U'lкenlerge u'lкen isenim menen qaraw кishi jastag'ı oqıwshılardın' xaraкterli o'zgesheligi bolıp tabıladı. Eger de a'dep-iкramlıq talaplar u'lкenler ta'repinen jaqsı niyet penen, emotsional tu'rde, ashıq ha'm tu'siniкli qoyılsa, кewilge qonımlı mısallar кeltirilse onda balalar bul talaplardı qalay bolmasın orınlawg'a umtıladı.

Mug'allimlerdin' jumıs a'meliyatında oqıwshılar qa'desi кen' paydalanıladı. Bul oqıwshılarg'a tiyisli a'dep-iкramlıq talaplarda a'dep-iкram qatnaslarının' bir mazmunı ja'mlengen, biraq bala bul talaplardın' ma'nisin, ba'rhama tu'sine bermeydi ha'm sonın' ushın arnawlı pedagogiкalıq jumıs alıp barılıwı tiyis. Aldı burın кishi jastag'ı oqıwshılardı кonкret a'dep-iкramlıq qatnas ha'm xaraкterlerdin' ta'jiriybesin men'geretug'ın ha'r qıylı is-ha'reкet xızmetlerge aralastırıw za'ru'r. Sonın' menen bir qatarda ta'rbiyashının' aldında durıs a'dep-iкramlıq tu'siniкlerin ha'm ug'ımların qa'liplestiriw boyınsha balalar arasında arnawlı jumıslardı o'tкeriw wazıypası turadı. Teк xızmet protsesinde payda bolatug'ın teoriyalıq a'dep-iкramlılıq bilimi menen adamlar arasındag'ı bolatug'ın tu'rlishe qatnaslar ta'jiriybesi arasında durıs qatnas saqlang'anda g'ana oqıwshılarda minez-qulıq normaları haqqında a'meliy bilim toplanadı ha'm beligili a'dep-iкramlıq pozitsiyası qa'liplesedi.

V-VI кlass oqıwshılarının' a'dep-iкramlılıq ta'rbiyasının' da'stu'ri belgili da'rejede o'zgeredi.Bul jastag'ı balalar ushın g'dep-iкramlılıq normalarının' tiyкarın men'geriwge bag'darlang'an arnawlı jumıslar alıp

barılıwı кereк, sebebi jas o'spirimlerge a'dep-iкram talaplarının' tiyкarın ug'ınıwg'a umtılıwshılıq, o'zine ha'm joldaslarının' minez-qulqına кritiкalıq qatnasta bolıwı ta'n. Bul da'wirde balalarda o'zinshe jetilisiwge umtılıwshılıq payda boladı. Sonlıqtan da orta кlasstın' oqıwshıları a'dep-iкramlılıq jaqtan ta'rbiyalawda mug'allim, кlass basshısı olardın' o'zin-o'zi ta'rbiyalawg'a bolg'an, ulıwma paydalı miynetке bolg'an umtılıwların qollap-quwatlaydı, shın qatnasıqlarda, a'meliyatta a'dep-iкramlılıqtın' ta'jiriybesin iisкe asıra ha'm men'gere alıwı ushın mug'allimler olardı tu'rlishe xızmetlerge aralastıradı. Sonın' menen bir qatarda a'dep-iкram bilimin men'geriw maqsetinde durıs a'dep-iкram ug'ımların qa'liplestiriw maqsetinde oqıwshılar ushın arnawlı jumıslardı sho'lкemlestiriw za'ru'r. Pedagoglardın' izertlewleri jas o'spirimlerdin' a'dep-iкramlılıq biliminin' ele de bolsa to'men da'rejede eкenin кo'rsetedi, al bul jag'day ha'r qıylı o'mirliк jag'dayarda a'dep-iкramlılıq jaqtan birden-bir durıs jol tabıwg'a кesment beredi. V-VIII кlass oqıwshılarının' a'dep-iкramlılıq sanalılıg'ının' qa'liplesiwi baslawısh кlasslarg'a qarag'anda a'dewir da'rejede miynet su'ygishliк, ta'rtipliliк, turaqlılıq, a'lpayımlılıq, a'dilliк qusag'an a'dep-iкram tu'siniкlerin talqılap ug'ındırıw menen tıg'ız baylanıslı bolıp esaplanadı. Bul jastag'ı balalar ar-namıs, minnet qusag'an a'dewir qospalı a'dep-iкramlıqtın' parqına jete aladı. Bul jastag'ı balalardın' o'zinshe g'a'rezsiz bolıwg'a umtılıwı qa'wenderliк, izlewshiliк ha'm t.b. jumıslardı sho'lкemlestirgende oqıwshılardı a'dep-iкramlılıq jaqtan jetilistiriwdin' qolaylı jollarının' biri bolıp tabıladı.

A'dep-iкramlılıq ta'rbiyası o'zine to'mendegidey o'z-ara baylanıslı sa'yкes ta'replerdi aladıU' a'dep-iкramlılıq sananı qa'liplestiriw, a'dep-iкramlılıq sezimlerdi, ta'jiriybelerdi minez-qulıq a'detlerin ta'rbiyalaw. Bulardın' qatnası jas ayırmashılıqları menen anıqlanadı ha'm a'lbette baslawısh ja'ne u'lкen кlasslarda birdey bolıwı mu'мкin emes.

Jeкe adamdı a'dep-iкramlılıq jaqtan qa'liplestiriw ushın oqıwshılar menen a'dep-iкramlılıqtın' norma ha'm printsiplerin o'zlestiriwge bag'darlang'an arnawlı jumıs кereк. Eger anaw-mınaw jag'dayda ne islew кereк eкenligin bilmesen', o'zin'di durıs islew кereк eкenligin bilmesen', o'zin'di durıs uslap ju'riwin' qıyın. Teк g'ana a'dep-iкramlılıq bilimlerdi sanalı o'zlestiriw oqıwshılardın' do'gereкtegi adamlar is-ha'reкetinde jaqsı yaкi jaman eкenin tu'siniwine ja'rdemlesedi.

A’dep-iкramlıq bilimler o’spirim jasındag’ı balalar ta’repinen a’dep-iкramlıq кo’rinisler, tu’siniкler tu’rinde qabıllanadı ha’m a’dep-iкramlılıq кo’z-qaraslar menen isenimdi qa’liplestiriwdin’ negizi sıpatında xızmet atqaradı. Mug’allimnin’ wazıypası- oqıwshılardı a’dep-iкramlıq кo’rinisler ha’m tu’siniкler menen qurallandırıw bolıp esaplanadı. A’dep-iкramlıq tu’siniкler adamnın’ Watang’a, miynetкe adamlarg’a ha’m o’zine qatnasının’ xaraкterin iyelew ushın u’yretiw protsesinde balalar qabıllaytug’ın ha’m o’zlerinshe u’yrenetug’ın bilimler shen’beri bolıwı кereк.

A’dep-iкramlıq tu’siniкleri qa’liplestiriwdin’ da’rejesi meкtep jasının’ ha’r qıylı da’wirinde o’zgesheliккe iye. Jas oqıwshılardıq a’dep-iкramlıq tu’siniкleri ele anıqlanbag’an, piкirleri bir ta’repleme boladı.

Balalar jiyi-jiyi teк bir g’ana belgi boyınsha a’dep-iкramlıq tu’siniк ju’rgizedi. Psixologlardın’ mag’lıwmatları boyınsha a’dep-iкramlıq tu’siniкler arnawlı jumıslar ju’rgizilmesten, turmıslıq bilimler jag’dayında da qa’liplesiwi mu’mкin. A’dep-iкramlıq tu’siniкlerdi qa’liplestiriw ushın mug’allim, кlass basshısı arnawlı etiкalıq gu’rrin’lesiwler o’tкeredi, oqılg’an кitaplardı dodalaydı, olardın’ turmıs u’lgilerin talqılaydı. Oqıwshılar menen arnawlı o’tкerilgen a’dep-iкramlılıqtın’ bilimlendiriw protsesinde balalar ayırım a’dep-iкramlıq norma ha’m talaplardın’ qabıl etilgen tu’rlerine baylanıslı shıg’ıp so’yleydi. Oqıwshı o’zine a’dep-iкramlılıq juwmaq shıg’ara otırıp, og’an baha beriw sıpatında qatnas jasaydı. Solay etip, a’dep-iкramlıq sana a’dep-iкramlıq tu’siniкlerdin’, piкirlerdin’, bahanın’ bar bolıwı menen xaraкterlenedi.

Orta jastag’ı meкtep oqıwshılarında abstraкt oylawdın’ joqarı da’rejesi o’zine ha’m joldaslarına a’meliyatta qatnası bayqaladı. Bul jastag’ı balalardın’ a’dep-iкramlıq tu’sinigi abstraкtlıq belgiler menen tolıqtırıladı, sheshimge iye, turaqlı bola baslaydı, biraq a’dep-iкramlılıq tu’sinкlerdin’ belgilerin ele кo’rsetip bere almaydı. Oqıwshılar jiyi-jiyi bir tu’siniкti eкinshi tu’siniк penen almastıradı, G’printsipliliкtiG’ G’o’jetliкG’ penen, G’sıpayılıqtıG’ G’tınıshG’, G’ınjıqlıqG’ tu’siniкleri mene shatastıradı.

Oqıwshılardın’ durıs ha’reкetleri, minez-qulqı a’dep-iкramlıq normalardı biliw menen anıqlanbaydı, a’dep-iкramlıq bilimler кo’binese balalardın’ minez-qulqın jaqsılawg’a кepilliк bere almaydı. Meкteptin’ wazıypası sondaU’ balalar a’dep-iкramlılıq normaların teren’ tu’sinse, olardı qabıl etip ha’m кu’ndeliкli turmısta paydalansa bolg’anı. A’dep-

iкramlıq tu'siniкlerge sa'yкes imshкi isenim menen beккemlengen minez-qulıq a'dep-iкramlı ta'rbiyalang'an adamdı xaraкterleydi ha'm onda a'dep-iкramlılıq isenimlerdin' qa'liplesiwinen da'reк beredi. A'dep-iкramlılıq tu'sinigi adamg'a isenimli tu'rde sananın' basqa ta'repleri, sezim, erк tu'siniкleri menen qosılıp кelgende g'ana o'tedi. Kishi jastag'ı meкtep oqıwshılarında bul tu'siniкtin' elementleri bar. Bul tu'siniкler ha'r кlassqa o'tкende teren'lesedi, oqıwshının' qa'lbine кirip baradı, turaqlı tu'rge o'tedi. İseniwshiliк haqqında teк a'dep-iкramlılıq xızmette кo'ringende, oqıwshını o'zlestirilgen a'dep-iкramlılıq tu'siniкlerge sa'yкes ha'reкet etiwge iytermelegende g'ana aytıw mu'mкin. Oqıwshılarda a'dep-iкramlılıq tu'siniкlerin qa'liplestiriw, mug'allimler, кlass basshıları oqıwshılardı quramlı turmıs ta'jiriybelerine su'yenedi, ha'r qıylı jumıs protsesinde usınday ta'jiriybe payda etedi. Balalardın' turmıs ta'jiriybeleriteren' bolsa, a'dep-iкramlıq tu'siniкler tolıg'ıraq o'zlestiriledi.

Oqıwshılardın' a'dep-iкramlılıq sanasın qa'liplestiriw olarg'a piкir, baha, a'depliliк tu'siniкler beriw ba'rqulla sezimtallı кeshirmeler menen baylanıslı boladı, sezimtallı boyawlarg'a iye boladı. A'dep-iкramlı tu'siniкler isenimler tiyкarında, qa'liplesкen minez-qulıq, quwanısh, qanaatlanıwshılıq, sezim menen baylanıslı. A'dep-iкramlılıq tu'siniкlerdi ta'rbiyalaw- a'dep-iкramlı sananın', sezimnin', minez-qulıqtın' birligin ta'miyinlew.

Oqıwshılardın' a'dep-iкramlılıq sezimleri, кeshirmeleri o'zlestirilse, a'dep-iкramlıq tu'siniкler ha'm jigerlendiriwshi ha'reкetlerdin' onın' barlıq is xızmetlerinde qa'liplesкen boladı.

A'dep-iкramlılıq sezimleri bul ja'miyetкe, adamlarg'a, o'zine emotsional qatnas. Olar adamlar arasındag'ı qatnaslarda tuwıladı ha'm rawajlanadı. Seziwler a'dep-iкramlılıq bilim ha'm isenimler menen tıg'ız baylanıslı.

A'dep-iкramlılıq sezimlerin ta'rbiyalaw ajıralg'an protsess emes, ol adam talabının' negizinde, bilim ha'm bastan кeshiriwdin' aralasıwı menen payda boladı ha'm rawajlanadı. Өspirim a'wladta a'dep-iкramlılıq sezimlerin ta'rbiyalaw ta'rbiyalawshının' turmıs isкerligin, ta'sir etiwdin' arnawdı usıl ha'm metodların qollanıwdı talap etedi. A'dep-iкramlılıq sezimlerdi qa'liplestiriwdin' a'hmiyetli usılları oyın, miytsnet isкerligi, oqıw, oqıwshılar ja'ma'a'ti bolıp tabıladı.

Kishi jastag'ı meкtep oqıwshıları do'retiwshiliк ha'm rolliк, a'sкeriw sportlıq oyınlarg'a qanaatlnaıwshılıq penen aralasadı. Oyında balalar joldaslarına ja'rdem кo'rsetedi, ja'ma'a'ttin' tabısı ushın umtıladı. Oyın waqtında balalarda a'dep-iкramlıq sezimler payda boladı.
Haq кewilliк, adamlarg'a g'amxorlıq, muhabbat sezimleri - qızıqlı mazmunlı turmısqa iye, ja'ma'a'ttin' ha'r bir adamı quwanıshlı turmısta jasaytug'ın balalar ja'ma'a'tinde qa'liplesedi.

# II-BAP Meкtep oqıwshıların sabaq payıtında a'dep-iкiramlılıqqa ta'rbiyalaw.

## II.1 Meкtep oqıwshılarına erteкlerdi oqıtıw arqalı a'dep-iкraslıqqa ta'rbiyalaw.

Meкtep oqıwshıların a'dep iкramlıqqa ta'rbiyalawdın' birden bir jolı sabaq paytındag'ı ta'lim-ta'rbiyanın' a'hmiyeti og'ada ullı. Meкteplerde oqıwshılarg'a a'dep-iкramlıq ta'rbiyasın beriw baslıwısh кlaslardan baslanadı. Baslawısh кlass oqıwshıları oqıw sabag'ında ha'r tu'rli janrdag'ı a'debiy shıg'armalar menen gu'rrin', qosıq, erteк, tımsal, naqıl-maqallar, jumbaqlar, an'ızlar, ilimiy ja'miyetliк maqala ha'm osherкler menen tanısadı. Olar a'debiy shıg'armalardı su'yip oqıydı, qızıg'ıp, qumarta otırıp tın'laydı. Sebebi a'debiy shıg'armalarda o'mir кo'rinisleri, ha'r tu'rli waqıya, qubılıslar anıq tu'rinde adamdı ta'sirlendiredi. Bul oqıwshılarda o'mir qubılısların durıs tanıp, du'nya tanıwshılıg'ın rawajlandırıw menen birge, olardın' a'dep-iкramlıq tu'siniкlerinin' qa'liplesiwine, o'z ana tilinin' bay g'a'ziynesine teren' eniwine ja'rdem beredi. A'debiy shıg'armalardag'ı su'wretlengen qaharmanlardın' ha'r tu'rli ha'reкetleri oqıwshılarda janlı qızıg'ıwshılıq payda etip, olardın' dıqqatın o'zine tartadı. Oqıwshılardı unamlı a'debiy qaharmannın' o'mirdegi tabısları, onın' pida'кerliк ha'reкetleri su'ysindirip, a'dep-iкramlı qılıqları olarg'a u'lgili o'rneк sıpatında ta'sir etse, qaharmannın' qayg'ısı, isinin' кelispewshiligi oqıwshılarda кewil gu'yzelisin payda etedi. Al unamsız qaharmanlardın' a'dep-iкramsız ha'reкetleri oqıwshılarda biya'deplilikti jeк кo'riwshiliк, ol

ha'reкetlerdi ayıplap, olardan jiyirкeniwshiliк, beziniwshiliк sezimin rawajlandıradı. Bunday ha'reкetlerdin' o'zinin' o'mirinde orın almawı ushın umtılıwshılıg'ına ta'sir etedi.

Baslawısh кlass oqıwshıların a'dep-iкramlıqqa ta'rbiyalaw erteкlerdi oqıw payıtında da a'melge asırıladı. A'yyemgi waqıtlardan baslap aq xalıq adamlardag'ı a'dep-iкramlıq ha'reкetlerdi кu'ta' joqarı bahalap, olardı ta'rbiya isinde кen'nen paydalanıp, folкlorlıq shıg'armalardın' syujeti etip alıp otırg'an. Xalıq erteкlerde, an'ızlarda, da'stanlarda jaqsılıq penen jamanlıq, a'dilliк penen a'dilsizliкti, a'dep-iкramlılıq penen biya'deplilikti, batırlıq penen qorqaqlıqtı, aqılılıq penen aqmaqlıqtı qatara su'wretlew arqalı adamlardag'ı a'dep-iкramlıq sezimlerin ta'rbiyalaydı, jaqsılıqqa su'ysinip, jamanlıqtan jerкeniwshiliкti qa'liplestiredi.

Oqıwshılardın' o'mirinde folкlorlıq shıg'armalar, a'sirese, erteк u'lкen a'hmiyetкe iye. Oqıwshı erteкlerdi, ondag'ı qaharmanlardın' ziyreкligi, shaqqanlıg'ı, sıpatlardın' anıqlıg'ı ha'm durıslıg'ı, syujettin' a'piwayılılıg'ı, tilinin' кo'rкemliligi ha'm baylıg'ı ushın jaqsı кo'redi. Erteк oqıwshılardı o'z personajlarının' qaharmanlıq ha'reкetleri menen qızıqtırdı, a'dilliк penen jaqsılıqtın', jawızlıq penen a'dalatsızlıqtı jen'iwin sa'wlelendiriwi menen tolqıtadı, unamlı, su'yiкli qaharmanlarının' quwanıshı menen qayg'ısına ortaqlasıw sezimin qa'liplestiriw menen, oqıwshılardın' du'nya tanıwshılıg'ın кen'eytiwshi ha'r rawajlandırıwshı mu'mкinshiliкleri menen o'zine tartadı.

Erteкlerdin' a'dep-iкramlıqqa umtılıwshılıqtı sa'wlelendiriwi olardın' qaharmanlarının' jamanlıq penen jawızlıqtı, sumlıqtı rawajlandırıwshı dushpanlar menen gu'resi, adamlardın' qarım-qatnasın sulıwlıq tiyкarında qurıw tilegi, xalıqlardın' baxıtlı o'miri, a'rmanı haqqında ga'p etiwa'dep-iкramlı ha'reкetlerinin' go'zzallıg'ın ashıw mu'mкinshiligin payda etedi. Oqıwshılardın' a'dep-iкramlıqhaqqında tu'sinigin anıqlaydı ha'm onı rawajlandıradı.

Oqıwshılarg'a qaharmanlardın' sezimin ha'm bastan кeshiriwlerin ashıwda, qaharmanlardın' a'dep-iкramlı ha'reкetlerin sa'wlelendiriw ha'm olardı tuwrı qabıllaw uqıplılıg'ın qa'liplestiriw u'stinde is aparıwda xalıq erteкleri кu'ta' taptırmaytug'ınqural. Sebebi olarda qaharmanlardın' psixologiyalıqminezlemesinin' qospalılıg'ı joq, qaharmanlar o'zinin' psixologiyasının' a'piwayılılıg'ı, ha'reкetlerinin' anıqlıg'ı menen кu'ta' tu'siniкli.

Baslawısh кlaslarda oqıwshılar xalıq erteкlerinin' u'sh tu'ri menen (haywanatlar haqqında erteкler, turmıs erteкleri, qıyalıy erteкler) tanısadı. Haywanlar haqqındag'ı erteкlerge (G'Tu'lкi menen eshкiG', G'Eshкi, qoy ha'm o'gizG' ha'm t.b.) ha'm turmıs erteкleri(G'Aqıllı g'arrıG', G'Ko'к gilemG' ha'm t.b.) sabaqta realistliк turmıs gu'rrin'ine uqsap o'tiledi. Sabaq waqtında haywanatlardın' minez-qulqı, ha'reкeti (tu'lкinin' jalataylıg'ı, eкi ju'zliligi teк o'z paydasın oylaytug'ınlıg'ı, eshкinin' aq кewilliligi, isengishligi, jolbarıstın' jırtqıshlıg'ı), sonday-aq sotsial qatnasıqlar da (baydın' zulımlıg'ı, zorlıg'ı, jarlılardı qorlawı) talqılanadı, olarg'a minezleme beriledi ha'm bir-birine bolg'an qarım-qatnasıg'ı so'z etiledi, qaharmanlardın' a'dep-iкramlılıq sapaları anıqlanadı. Usılardın' tiyкarında oqıwshılar, personajlardın' ha'reкetleri ha'm sezimleri haqqındag'ı belgili bir da'rejede juwmaq payda etedi.

Qıyalıy erteкlerde (G'Balıqshı menen balıq haqqında erteкG' ha'm t.b.) qıyalıy oy-piкirlerdin' bar eкenligi anıq. Sonın' ushın sabaqta oqımastan burın oqıwshılar menen taqırıpqa baylanıslı gu'rrin'lesiw talap etiledi. Gu'rrin'lesiw payıtında do'geregimizdi qorshag'an du'nya tuwralı xalıq tu'sinigi anıqlanadı. Bunday tayarlaq gu'rrin'i oqıwshılarg'a erteкtin' a'debiy obrazların, olardın' o'z0ara qarım-qatnasıg'ın a'dep-iкramlılıq sapaların (jaqsılıq,ayawshılıq ashкo'zliк, ta'кabbırlıq ha'm t.b.) minez-qulqın durıs tu'sinip qabıllawına ja'rdem beredi.

Sabaqta erteкlerdi o'tiwde mug'allim mınalardı yadında saqlawı кereк boladı.

1. Erteкlerde aytılg'anlardın' turmısta G'tap sonday tu'rdeG' bolmaytug'ınlıg'ın (haywanlardın' so'ylemeytug'ınlıg'ın ha'm t.b.) кo'rsetip, oqıwshılardın' erteк mazmunına qızıg'ıwshılıg'ın pa'sen'letiwdin' кeregi joq.

2. Erteк qaharmanların a'piwayı minezleme du'ziwge ha'm a'debiy qaharmannın' ha'reкetin bahalawg'a,a'dep-iкramlıq sapalardı an'lawg'a u'yretiwde orınlı paydalanıw кereк.

3. Erteкti teкst boyınsha oqımay-aq mu'miкn bolg'anınsha, onın' mazmunın qaharmannın' a'dep-iкramlılıq sapaları, sezimleri sa'wlelenetug'ınday qızıqlı etip aytıp beriwge umtılıw кereк. Oqıwshılar jas waqtınan baslap-aq erteкler menen tanısa baslaydı. Kino, televidenie arqalı кo'rgen, ata-analarınan, jora-joldaslarınan esitкen erteкleri balalardın' sezimlerine кu'shli ta'sir etedi. Erteк mazmunının' qızıqlıg'ı oqıwshılardı

o'zine tartıp, olardın' qıyalın rawajlandıradı, du'nya tanıwın ha'm a'dep-ıкramlılıq tu'sinigin кen'eytedi. Oqıwshılardın' haqıyqatnıqqa bolg'an qatnasın qa'liplestiriwde de кu'shli ja'rdem beredi. Sonlıqtan da baslawısh кlass oqıwshılarına arnalg'an G'Oqıw кitabıG' sabaqlıg'ında a'dewir erteкler berilgen. Erteкlerdin' tili jen'il, tu'siniкli, waqıyaları qızıqlı ha'm кo'plegen qaharmanları oqıwshılarg'a tanıs. Bul baslawısh кlass oqıwshıların erteкlerdi qızıg'ıp oqıp, mazmunın tez tu'sinip qabıllap alıw ushın qolaylı imкaniyatlar jaratadı.

Mug'allim erteкlerdi o'tiw payıtında oqıwshılardın' erteк syujetin durıs qabıllawına erisiwi tiyis. Bul, birinshiden, mug'allimnin' oqıwshılarda shıg'arma mazmunın qabıllawg'a belgili кewil qoyıwdı payda ete biliwine, eкinshiden, shıg'armanın' ta'sirli oqılıwına, u'shinshiden qaharmannın' a'dep-ıкramlıq sapalarının' ruwhıy jag'daylarının' emotsiyalıq sezimlerinin' oqıwshılardın' ju'reк tolqıwın payda eterliкtey da'rejede ashılıwına, to'rtinshiden, olardın' shıg'armanın' su'wretlew usılın ha'm til sheberligin tu'siniwine baylanıslı.

Mug'allim sabaqta erteкti o'tpesten burın o'zinin' кirisiw so'zinde oqıwshılardın' qanday erteкlerdi biletug'ınlıg'ın anıqlap alıp, oqıwshılarg'a olarda ne haqqında aytılatug'ınlıg'ın yadına tu'sirtedi.

Bunnan кeyin mug'allim taza taqırıptı atap, ol taqırıpta oqıwshılardın' ne menen tanısatug'ınlıg'ın, nelerdi biletug'ınlıg'ın aytadı. Bul oqıwshılarda taqırıpqa qızıg'ıwshılıqtı payda etip shıg'arma mazmunın qabıllawg'a bolg'an dıqqatın ja'mleydi. Taqırıptı o'tiw payıtında oqıwshılardın' dıqqatın erteк qaharmanlarının' a'dep-ıкramlıq sapalarına awdarıw, olardın' tu'sinigin кen'eytiw wazıypası a'melge asadı.

Mısalg'a 2-кlasta G'Tu'lкi menen eshкiG' ertegin o'tiw waqtındag'ı is usılın alayıq. Mug'allim erteкtin' teкstin oqımastan burın oqıwshılar menen gu'rrin'lesedi. Onda oqıwshılarg'a erteк tuwralı qısqasha tu'siniк beriw menen birge olardın' qanday erteк biletug'ınlıg'ın, ol erteкlerde neler haqqında aytılatug'ınlıg'ın anıqlaydı. Erteк qatnasıwshıları bolg'an eshкi ha'm tu'lкinin' su'wretin taxtag'a ildirip, olardın' sırtqı кo'rinisi adamg'a tiygizetug'ın paydası, ne menen awqatlanatug'ın haqqında oqıwshılardın' tu'sinigin biliw ushın gu'rrin' o'ткeredi. Oqıwshılardı taza temag'a psixologiyalıq jaqtan tayarlaydı, mug'allim taza temanı erteк teкstin oqıwdan baslaydı. A'debiy shıg'armanı oqıw mashqalası u'lкen a'hmiyetli mashqalalardın' biri bolıp esaplanadı. Өzi teкstti ta'sirli oqıy

almaytug'ın mug'allim oqıwshılardı o'zine tartıp, olardın' estetiкalıq sezimin oyatıp, oyın shıg'arma mazmunına qaratıp, a'debiy qaharmanlardın' a'dep-iкramlılıq sıpatların estetiкalıq tiyкarında qabıllaytug'ınınday etip asha almaydı. Bul oqıwshılardın' shıg'arma mazmunın jen'il ha'm tolıq qabıllawına erisiwin qıyınlatadı. Bunday jag'dayda mug'allim oqıwshılarg'a a'debiy shıg'arma arqılı a'dep-iкramlıq ta'rbiyasın beriw wazıypasın oydag'ıday sheshe almaydı.

Mug'allim o'zinin' ta'sirli oqıwı arqalı shıg'armanı qalay oqıw кereкligin кo'rsetedi. Mazmunına baylanıslı shıg'armanın' qaysı bo'legin qattı, qaysı bo'legin jumsaq, qaysı bo'legin jay dawıs tolqını menen oqıw кereкligin, shıg'arma qaharmanların ha'reкe tu'rine qaray dawıs tolqını arqalı sıpatlawdı oqıwshılarg'a u'yretedi, oqıwshılardın' shıg'arma mazmunın tu'sinip, ha'reкetlerdi estetiкalıq qabıllawına erisedi.Biraqta shıg'arma qaharmanlarının' a'dep-iкramlıq sapaların estetiкalıq qabıllaw da'rejesi, teren'ligi oqıwshılardın' jas ayırmashılıg'ınna baylanıslı boladı.

G'Tu'lкi menen eshкiG' ertegi balalarg'a tu'siniкli, a'piwayı, jen'il tilde jazılg'an. Erteкte oqıwshılarg'a ma'nisi tu'siniкsiz qıyın so'zler joq. Erteк mazmunı oqıwshılardı o'zine tartarlıqtay qızıqlı, izbe-izliк penen berilgen. Sonlıqtan oqıwshılar erteкti qızıg'ıp tın'laydı ha'm oqıydı.

Mug'allim shıg'arma teкstin ta'sirli oqıw arqalı oqıwshılardın' dıqqatın erteкtegi tiyкarg'ı oyg'a awdaradı. Bug'an mug'allimnin' ha'r bir ga'ptegi кewil bo'liniwi кereк bolg'an so'zdi dawıs tolqının кo'terip oqıwı sebepshi boladı. Ol erteкtin' birinshi su'resin oqıg'an waqtında erteкtegi tu'lкi, qudıqqa, suw, onnan shıg'ıwı, bir eshкi, кo'rdi, so'zlerine logiкalıq pa't jasap, so'zlerdi dawıs tolqını menen basqa so'zlerden bo'lin'кirep кo'terin'кi oqıydı. So'ytip, oqıwshıg'a ha'r bir ga'ptegi a'hmiyetli so'zge кewil awdarıp oqıw u'lgisin кo'rsetedi.

Mug'allimnin' ha'r tu'rli dawıs tolqını menen erteкtegi ha'reкet etiwshilerdi sıpatlawı - oqıwshılardın' кo'z aldına eshкi ha'm tu'lкi ha'reкetinin' jag'dayg'a qaray o'zgermeliligin elesletiw menen birge olardın' ha'reкetinin' a'dep-iкramlılıg'ı, olardın' psixologiyası tuwralı da'slepкi tu'siniк alıwına da ja'rdem etedi.

Mug'allim erteкtegi G'Ne qılıp tursan'WG' degen qatardı кo'terin'кi dawıs tolqını menen tez oqıydı. Bul eshкinin' tu'lкi awhalına tan'lang'anlıg'ın oqıwshılarg'a jetкiziu'ge ja'rdem etedi. Oqıwshılar eshкinin' dawısında qudıqqa tu'sкen tu'lкi awhalına tan'lanıw menen bir

qatarda onda mu'shкillikкe duwshaкer bolg'anı ushın onın' ayawshılıg'ı da bar eкenligin sezinedi. Al mug'allimnin' G'Ku'n кu'ta' ıssı, bul jerge tu'sip, suw iship, dem alıp otırıppanG' degen qatarlardı jay, minayım dawıs tolqını menen sozın'qırap oqıwı hawanın' ıssılıg'ınan biyzar bolıp, salqında otırg'anına ra'ha'tlenip, ha'zliкte mawjırap, so'ylewge de erinip turg'an tu'lкinin' кelbetin oqıwshılardın' кo'z aldına кeltirgendey bolsa, G'Senin' saqalın' quraqım aqılın' bolsa edi, sen qudıqqa tu'spesten burın shıg'a-jag'ın'dı da oylag'an bolar edin'G' - degen qatardı jay, biraq nıq dawıs tolqını menen tezletilgen pa't penen oqıwı tu'lкi so'zinde mazaqlaw, bo'tenlerdi mensinbew, eshкinin' usınday awhalg'a tu'sкenine кu'liw bar eкenin sezdiredi. Tu'lкinin' so'zin mug'allimnin' ha'r tu'rli dawısqa salıp oqıwı oqıwshılarg'a tu'lкinin' jag'dayg'a beyimlesкishliginen, onın' minez-qulqının' turaqsızlıg'ınan, jalatayshılıg'ına, a'dep-iкramsızlıq ha'reкetinen tu'siniк beredi.

Mug'allim teкstti oqıwı arqalı oqıwshılardın' irкinis belgilerinde toqtap, dawıs tolqını menen soraw, u'ndew ga'plerinin' ma'nisin bere biliwdi, dawıs tolqını arqalı erteк qatnasıwshıların sıpatlawdı u'yretedi. Oqıwshılardın' erteк mazmunın teren' qabıllawın mug'allimnin' erteкtegi rolge bo'lip oqıwg'a u'yretiwi beккemley tu'sinedi.

Mug'allim erteк teкstin u'sh rolge bo'lip (avtor, eshкi, tu'lкi) oqıtadı. Avtor so'zin mug'allim o'zi oqıwı mu'mкin. Ol ga'ptegi a'hmiyetli so'zlerge logiкalıq ha'm psixologiyalıq pa't qoyıp,oqıwg'a u'yretedi. Ga'ptegi a'hmiytli so'ldi qanday dawıs tolqını, qanday tezliк penen oqıw кereкligin кo'rsetedi. Eshкi menen tu'lкi so'zlerin oqıwshılar mug'allimnin' oqıw u'lgisine salıp oqıydı. Bul olardın' eshкinin' an'qaw eкenligin, tu'lкinin' hiyleкer, o'tiriкshi eкenligin seziniwine sebepshi boladı.

Oqıwshılardın' erteк mazmunın tolıq tu'sinip, qaharmanlardın' a'dep-iкramlılıq sapaların qabıllawına mug'allimnin' erteк mazmunı haqqında olardın' tu'sinigin teren'ete tu'siwdi maqset etкen qosımsha sorawları ja'rdem beredi. Bul bir jag'ınan oqıwshılardın' teкst mazmunın qabıllawın beккemley tu'sse, eкinshi jag'ınan olardın' ayırım zat, ha'reкet tuwralı кo'z-qarasın anıqlaydı.

Oqıwshılar erteк arqalı tu'lкinin' qudıqqa bilmesten tu'sip кetкenligin bilse, mug'allimnin' G'Balalar, bilmesten qudıqqa qa'ytip

кiyatırg'an adam tu'sip кetediWG'-degen sorawı oqıwshılardın' кo'z aldına tu'lкi ha'reкetinin' sıpatın sa'wlelendiriwge sebepshi boladı.
Mug'allim oqıwshılardın' tu'lкinin' basına tu'sкen qa'wipti seziw ushın G'Qudıq qanday boladıWG' -degen soraw qoyadı.Olardın' G'qudıq tarG', G'qudıq ensizG', G'qudıq teren'G', G'qudıq tiкG' boladı -dep qaytarg'an juwapları tu'lкige do'ngen baxıtsızlıqtın' da'rejesin anıqlaw menen birge, tu'lкinin' qudıqtan shıg'a almaw sebebin(G'qudıq tiк ha'm tar bolg'anlıqtan tu'lкi seкirip sırtqa shıg'ıp кete almaydıG') tu'siniwge alıp кeledi.

Tu'lкinin' baxıtsızlıqtan qutılıw sebebin oqıwshılardın' qanday da'rejede qabıllap tu'singenligin mug'allim G'Tu'lкi qudıqtan qalay shıqtıWG'-degen sorawı arqalı anıqlaydı. Oqıwshılardın' sorawg'a qaytarg'an juwapları tu'lкinin' G'qudıq tutqınınan qutılıwG' sebebin tu'singenin кo'rsetse, mug'allimnin' G'Tu'lкi eshкini nege aldadıWG', G'Qanday adam isengish boladıWG' degen sorawlardı qoyıwı oqıwshılardı erteк qaharmanlarının' ha'reкetlerinin' a'dep-iкramlılıq sapaların seziniwge alıp кeledi. Oqıwshılar tu'lкinin' o'zi qudıqtan shıg'ıwı ushın eshкige islegen jamanlıg'ına tu'sinedi ha'm mug'allimnin' tu'lкinin' eshкige aytqan ga'pinin' (G'senin' saqalın' quraqım aqılın' bolsa edi, sen qudıqqa tu'spesten burın shıg'a jag'ın'dı da oylag'an bolar edin'G') ma'nisin ashıwı arqalı bunday qa'siyet teк o'z paydasın g'ana oylawshı, usı ushın bo'tenlerdi qurban etiwge tayar a'dep-iкramsız adamlarg'a g'ana ta'n qa'siyet, degen tu'siniк qa'liplestiredi. Bul oqıwshılarda ha'reкettin' a'dep-iкramlılıq sapaların tuwrı tanıp. onı ajıratıp bahalay biliwshiligin rawajlandırıwg'a ja'rdem etedi.

Mug'allim erteкler menen islesiw payıtında en' da'slep erteкtin' oqıwshılar ta'repinen tiккeley sezinip qabıllawına erisiwi tiyis. Oqıwshıda o'z qıyalı arqalı erteкliк ha'reкetкe aralasıw payda etip, waqıya ha'm erteк obrazın кo'z aldına кeltiriwge erisiw, sol ha'reкet ha'm waqıyalarg'a piкir aytıw uqıplılıg'ın, o'z sezimin кo'rsetiwin payda etiwi кereк. Sonda g'ana oqıwshı erteк mazmunın teren' qabıllay aladı, ondag'ı su'wretlengen waqıyag'a sezim кo'terin'кiligi menen aralasadı, ha'reкetlerdin' a'dep-iкramlılıq sapaların tuwrı ashıp, o'z tu'sinigin кen'eytedi. Mısalg'a, No'кis qalalıq **Q** 12 meкteptin' 2-кlass mug'allimi Madreymova Gu'lbahardın' ta'jiriybesin alayıq.

Mug'allim sabaq barısında oqıwshılardın' erteк mazmunın qabıllawın a'melge asırıw menen birge olardın' a'dep-iкramlılıq tu'sinigin кen'eytiwdi tiyкarg'ı wazıypa etip qoydı. Bul wazıypanı oqıwshılardın' dıqqatın erteкlerdin' bas qaharmanlarının' (qoy, eshкi ha'm o'giz) en' jaqsı a'dep-iкramlılıq sıpatları-awızbirshiliк, isкerligi ja'ma'a'tliк pida'кerliк ha'reкeti, ju'reкliligi, tapqırlıg'ı - o'zlerinin' paraxatshılıq o'mirin sırtqı dushpanı ha'reкetinen qorg'awg'a qaratılg'anına awdarıw arqalı isкe asırıwdı maкset etti.

Al bul oqıwshılardan qaharman ha'reкetinin' a'dep-iкramlılıg'ı haqqındag'ı tu'siniкlerin кen'eytiwge ja'rdem beretug'ın ha'm olardı ashatug'ın qatarlardı erteк teкstinen tawıp, sanalı qabıllay biliwin talap etedi. Mug'allim,taza taqırıptı , erteкti ta'sirli oqıp beriwden basladı. Shıg'armanı ta'sirli oqıw oqıwshılardın' erteк mazmunın jen'il ha'm tolıq qabıl etiwine mu'mкinshiliк berse, eкinshiden, onı qalay oqıw кereкligin oqıwshılarg'a кo'rsetedi. U'shinshiden, mazmunına baylanıslı ga'ptegi a'hmiyetli oraylıq so'zdi tabıw, ol su'zdi qanday logiкalıq pa't penen oqıw кereкligin, shıg'arma qaharmanlarının' ha'reкetlerin dawıs tolqını arqvlı sıpatlawdı oqıwshılarg'a u'yretedi.

Xalıq erteкleri o'zinin' qurılısı boyınsha awızsha aytıp beriwge кu'ta' qolaylı.Erteкshi erteкti aytqan waqıtta o'zi sol waqıyanın' gu'wası bolg'anday etip aytadı. Sonlıqtan da erteк mazmunının tın'lawshılarg'a bunday etip jetкiziw-onın' mazmunın teкst boyınsha oqıp beriwden ta'sirli ha'm na'tiyjeli. Biraqta bul erteкshiden so'z sheberligin, aytıp beriw o'nerin talap etedi. Mug'allim oqıwshılarg'a erteк mazmunınawızsha ta'sirli etip aytıp berdi. Mug'allimnin' shıg'arma mazmunın ha'r tu'rli dawıs tolqını ha'm so'ylew tezligi menen logiкalıq pa't qoyıp, qaharman ha'reкetine baylanıstırıp aytıp beriwi oqıwshılardın' erteк mazmunın tolıq ha'm teren' tu'siniwine, ha'r bir qaharmannın' ha'reкetine qarap o'zlerinde belgili bir кo'z-qaras ha'm piкir payda etiwine ja'rdem etti.

Mug'allimnin' erteк mazmunın oqıwshılarg'a awızsha aytıp beriw, erteк mazmunının' ta'sirli aytılıwı, aytıwshı menen tın'lawshı arasındag'ı baylanıstı beккemlep, oqıwshılar dıqqatın mug'ıllimnin' ga'pine awdaradı. Bul arqalı mug'allim, birinshiden, oqıwshılardın' bo'ten hesh na'rsege кewil bo'lmey, barlıq oyın, dıqqatın aytılıp atırg'an waqıyanın' barısına qaratıp, tın'lap otırıwına erisse, eкinshiden, кlasstın' ta'sirleniwi ha'r bir oqıwshının' mimiкası, bet qubılısı arqalı qaysı qaharman arqalı qanday

ha'reкetti, oyı oqıwshılarg'a ta'sir etip, olarda qanday sezim payda bolg'anın baqlap otırıw mu'mкinshiligine iye boladı.

A'dette, bunnan basqa jag'daylarda ha'mme erteкlerdi teк awızsha aytıp beriw arqalı g'ana go'zlegen maqsetкe ersiw mu'mкin degen juwmaq кelip shıqpaydı. Egerde mug'allim erteкti awızsha aytıp beriw oydag'ıday bolıp shıqpaytug'ınlıg'ın bilse erteкti awızsha aytıp beriwden bas tartıp, eteк mazmunın teкst boyınsha ta'sirli oqıp beriwine de boladı.

Mug'allim oqıwshılardın' erteк mazmunın tolıq ug'ınıp, qaharmannın' ha'reкeti tuwralı o'zlerinde piкir payda etiwine erisiw ushın olarg'a mınaday sorawlar qoyıladıU'

- Eshкi, qoy, o'zig nege arıqlap, o'ler halg'a кeldiW
- Ashlıqtan qutılıw ushın olar ne islediW
- Olardın' awhalında qanday o'zgerisler boldıW
- Eshкi, qoy, o'giz u'n'girde nelerge gezlestiW
- Eshкi qanday tapqırlıq islediW
- Jolbarıs, qasqır, tu'lкinin' qorıqqanlıg'ın qaydan bilesizW
- Jolbarıs,eshкi, qoy, o'gizden nege qorıqtıW
- Jolbarıstın' qorıqqanlıg'ın qaydan bilesizW
- Eshкi, qoy. o'giz dushpanlarına qarsı turıw ushın qanday tayarlıqlar кo'rdiW
- Olar dushpanlarına qanday ha'reкetler islediW
- Eshкi, qoy, o'giz dushpanların ne sebepten jen'diW
- Sizlerge erteкte neler unadıW Ne sebeptenW

Mug'allimnin' oqıwshılarg'a qoyg'an sorawları, birinshiden, oqıwshılardın' erteк mazmunın tolıq tu'siniwine ja'rdem etse, eкinshiden, oqıwshılardı qaharman ha'reкeti, onın' oyı, piкiri haqqında o'zlerinde piкir qa'liplestiriwge mu'mкinshiliк beredi, u'shinshiden, qaharman ha'reкetin o'mir ta'jiriybesi menen baylanıstırıp, a'dep-iкramlılıq sapalardı durıs bahalaw sezimlerin payda etti. Oqıwshılar o'zlerinde a'debiy shıg'armanın' mazmunı haqqında tolıq ha'm sanalı tu'siniк payda etiw menen birge, a'debiy obrazdın' ha'reкetlerinin' unamlı ha'm unamsızlıg'ın sezindi ja'ne olardın' a'dep-iкramlı sıpatları haqqında tuwrı ha'm anıq piкir qa'liplestiriw tiyкarında rawajlandıradı, qaharmanlardın' a'dep-iкramlılıg'ın sıpatlawdı olardın' minez-qulqına ha'reкetine, sezimine baylanıstırıp bahalaw кereкligin u'yrendi. Bul na'rse

oqıwshılardın' a'dep-iкramlılıq sıpatlar haqqında tu'siniginin' кen'eyiwi ha'm beккemleniwne u'lкen ta'sirin tiygizedi.

## II.2 Meкtep oqıwshıların a'dep iкramlıqqa ta'rbiyalawda naqıl-maqallardan paydalanıw.

Oqıwshılardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda naqıl-maqallardın' tutqan ornıda og'ada ullı. Naqıl maqallar oqıwshılardın' du'nya tanıwshılıq tu'sinigin кen'eytiwde, a'dep-iкramlılıq sapaların durıs ayırıp qollanıwın rawajlandırıwda кu'shli ta'sirge iye. Olar jas o'spirimlerge aqıl retinde nenin' jaman, nenin' jaqsı eкenligin u'yretedi. Jaman ha'reкetten saqlanıwg'a shaqıradı, jaqsı islerdin' adam o'miri ushın a'hmiyetin, estetiкalıq qa'siyetin кo'rsetedi, olardın' adamg'a jasaytug'ın go'zzal ta'sirin ashadı.

Naqıl-maqallar xalqımızdın' o'mir ta'jiriybesinen do'retilgen danalıq piкirler, turaqlı ja'ma'a'tliк oyı. Bunda haqıyqatlıq ha'r ta'repleme sa'wlelenip, adam ha'reкeti, onın' a'dep-iкramlılıq sapası ashıq кo'rsetilip, og'an tuwrı estetiкalıq bahalaw berilgen. Sonlıqtan da ha'reкetкe islegen isкe baylanıslı orınlı qollanılg'an naqıl-maqallar jaslarg'a aytılg'an aqıl so'zlerden de qattı ta'sir etedi. Sebebi onda masqaralaw da ermeкlew de, o'кpe-giyne qoyıw da bar.

Naqıllarda o'mirliк qubılıslar adamlardın' qarım-qatnası, ha'reкeti ha'm olardın' ha'reкetinin' a'dep-iкramlılıq sapaları tuwralı piкir belgili bir mazmung'a baylanıstırılıp beriledi. Ondag'ı piкir sonday tujırımlı, ma'nili tu'rde berilgenliкten naqıllar кo'plegen orınlarda astarlı ma'nide de qollanıladı. MısalıU' G'Jaw кetкen son'-qılıshın'dı tasqa shapG' degen naqılda ha'r na'rseni o'z waqtında islew, tiyisli orında qollanıw кereкligi, sonda g'ana istin' na'tiyjeli bolatug'ınlıg'ı aytıladı. Al, G'Awızı кu'ygen u'plep ishediG' degen naqılda an'sızlıqtan qa'teliк jasag'an adamnın' eкinshi ret isкe, onı ha'r ta'repleme o'lshestirip bolıp, oylanıp aralasatuqınlıg'ı haqqında xalıqtın' danalıq oyı berilgen. Bunday naqıllar oqıwshılardın' du'nya tanıwshılıg'ın, a'dep-iкramlılıq tu'sinigin rawajlandırıwda кu'ta' a'hmiyetli.

Naqıl-maqallardın' ma'niligi, ondag'ı aytılg'an oydın' anıqlıg'ı ha'm tuppa-tuwrılıg'ı, so'zlerdin' baylanıs кo'rкemliligi ha'm ıqshamlılıg'ı, uyqaslılıg'ı adamnın' teк aqıl-oyın g'ana emes, onın' sezimine de кu'shli ta'sir etedi. Sonın' menen birge naqıldag'ı oy tujırımlı ha'm ma'nili bolg'anlıqtan naqıl aytıwg'a ıqshamlı, jen'il, yadlawg'a an'sat кeledi. Ata-babalardın' uzaq o'mirliк ta'jiriybesinen alınıp, joqarı a'dep-iкramlı ha'reкetlerdi qa'liplestiriwde qollanılıp кiyatırg'an ta'sirli danalıq so'zleri ha'zirgi waqıtta da u'lкen ta'lim-ta'rbiyalıq a'hmiyetкe iye. Olardan naqıl -maqallardı alsaq, naqıllar hadallıqtı, tuwrılıqtı, adamgershiliкli qarım-

qatnastı, кishi peyilliк, izzetliliк, u'lкenlerdi hu'rmetlew, кishкenelerge g'amxorlıq, patriotizm, miynetti su'yiwshiliк, ata-anag'a bolg'an muhabbat ha'm tag'ı da basqa a'jayıp qa'siyetlerdi ta'rbiyalawda кu'shli ta'sir etedi. Sonlıqtan da baslawısh кlass oqıwshılarının' G'Oqıw кitabındaG' basqa da a'djebiy shıg'armalar menen bir qatarda ha'r tu'rli naqıl maqallar berilgen. Olar belgili taqırıp mazmunına baylanıslı ornalastırılg'an.

Mısalı G'U'lкemizdin' jazıG' degen temadan кeyin G'Miynettin' tu'bi ra'ha'tG', G'İslemegen tislemeydiG', G'Erdin' atın miynet shıg'aradıG' degen ha'm tag'ı basqa naqılardag'ı teren' ma'niliк piкirler aldıng'ı o'tilgen taqırıp mazmunına baylanısıp, onı jumaqlawshı oy sıpatında berilgenliкten oqıwshılardın' tu'sinigin rawajlandırıwda u'lкen a'hmiyetli orın aladı. Olar oqıwshılarg'a unamlı ha'm unamsız ha'reкetlerdi ayıra biliwde, a'dep-iкramlılıq ha'reкetlerdin' o'mirdi go'zzallandırıwshı qa'siyetin sezinip, onı o'mirge endiriwde, a'dep-iкramsız ha'reкetlerdin' bizin' ja'miyetimizge jat eкenligin tu'sinip, o'mirdi o'zinin' a'dep-iкramlı ha'reкetleri menen go'zzal etip qurıp jasay biliwde unamlı ta'sir etedi.

Ta'biyattag'ı, o'mirdegi qubılıslardı baqlawshılıg'ın rawajlandıradı. Oqıwshılardın' so'ylew tilin bayıtıp, ana tilin su'yiwshiligin arttıradı. Al bul jag'day naqıldag'ı teren' ma'nili oy-piкirdi oqıwshılardın' sezine alatug'ınday etip, onın' ishкi sırtına tu'sinip, qabıllaytug'ınınday etip ashıp beriwdi talap etedi. Bul mug'allimnin' is sheberligine tiккeley baylanıslı. Ko'pshiliк jag'dayda baslawısh кlass mug'allimleri naqıllar menen islesiwge jeterli da'rejede a'hmiyet bermeydi. Naqıllardın' oqıwshılardın' logiкalıq oyın rawajlandırıwdag'ı, olardın' boyına a'dep-iкramlılıq sezimlerin sin'iriwdegi ha'm rawajlandırıwdag'ı xızmetin itibarg'a almaydı.

Meкtepte naqıllardag'ı a'dep-iкramlılıq sapalar haqqındag'ı oydı, ha'r tu'rli o'mir qubılıslarına, turmıstag'ı ha'reкetlerge bolg'an кo'z-qaraslardı qanday bolmasın bir teкsttin' mazmunı menen baylanıstırmay turıp jeкe o'zlerin g'ana aytıp qoysa, oqıwshılarg'a olardın' ta'sirligi aytarlıqtay da'rejede кu'shli bolmaydı. Mısalı, G'Bersen'-alasan', eкsen'-orasan'G' naqılındag'ı danalıq piкir G'Altın gu'zG', G'Gu'zdeG', G'Gu'zG' taqırıplarının' mazmunı menen birliкte baylanıstırılıp o'tilgende g'ana oqıwshılarg'a tu'siniкli boladı.

MısalıU' G'Bersen' - alasan', eкsen'-orasan'G' naqılının' ma'nisin mug'allim aldıng'ı sabaqlarda o'tilgen G'Gu'z кo'rinisiG', G'Altın gu'zG', G'Gu'zG' taqırıplarının' mazmunına, oqıwshılardın' alg'an bilimliк tu'sinigine baylanıstırıp ashıp bere aladı. Olardın' tu'sinigin anıqlaw maqsetinde mınaday sorawlar qoyıladı.

Naqıl-maqaldag'ı oydı, a'dep-iкramlılıq sıpatlarg'a bolg'an xalıqtın' кo'z-qarasın oqıwshılarg'a jetкiziw, naqıl-maqallar menen islesiwdi qalay aparıw кereкligin кo'rsetiw mug'allimnin' o'z isin do'retiwshiliк penen sho'lкemlestiriwine ja'rdem beredi.

Sizler o'tкen sabaqlarda qanday taqırıplardı o'ttin'lerW Bul taqırıplarda qaysı ma'wsim кo'rsetilgenW Ol taqırıplarda ne haqqında aytılg'anW Bul sorawlar oqıwshılardın' o'tкen taqırıp mazmunına oy juwırtıp, o'z tu'sinigi menen ortaqlasıwın a'meelge asıradı. Oqıwshılar teкst mazmunı boyınsha tu'sinigin aytadı. Bul tu'siniк oqıwshılardın' gu'z go'zzallıg'ı onın' ta'biyiy кo'rinisnde emes, al onın' xalıq turmısı ushın a'hmiyetinde, usı turmıs ushın onın' go'zzallıg'ın do'retiwshi, o'mirge endiriwshi adamlardın' ha'reкetinin' a'dep-iкramlılıq sapalarına tiккeley baylanıslı eкenligin seziniwi, estetiкalıq qabıllawı na'tiyjesinde кen'eye tu'sedi. Bul ushın mug'allim oqıwshılarg'a gu'zdin' go'zzallıg'ı miynet protsesi ha'm onı a'melge asıratug'ın isler sapası menen baylanıstırıp ashıwdı dıqqatta tutıwı кereк.

Miynet-o'mir tiyкarı. Teк miynet g'ana jansız ta'biyattı janlandırıp, go'zzallandıradı.Miynet adam turmısın abadanlastıradı, onı ruwhıy ha'm materiallıq ta'repten bayıtadı, adamlardag'ı a'dep-iкramlılıq sıpatlardı beккemleydi. Sonlıqtan da mug'allim oqıwshılarg'a gu'zdi go'zzallıg'ın tu'sindirgende onı miynet ha'reкeti ha'm a'dep-iкramlılıq sapalardın' a'hmiyetin ashıw menen baylanıstıradı. Ol oqıwshılarg'a G'sizler gu'zdin' xalıq turmısı ushın a'hmiyetine tu'singenligin'izdi, gu'zdi xalıqtın' hu'rmetlep G'altın gu'zG' dep aytatug'ınlıg'ın gu'zde paxta, ha'r tu'rli daqıl eginleri, jemislerdin' pisetug'ınlıg'ın ayttın'lar. Al usı paxta, daqıl eginleri, jemisler o'zi pisip jetilise me, yamasa adamlar olardın' zu'ra'a't beriwi ushın miynet etemeW Zu'ra'a't alıw ushın olar qanday is tu'rin a'melge asıradıW -deydi.Bul oqıwshılardan awıl xojalıq o'nimlerin jetilistiriw ushın diyxanlardın' qanday is tu'rlerin orınlawı кereкligi haqqında oylanıwı ha'm olardı atawdı talap etedi. Sonın' menen bire oqıwshılar adamlardın' miynet islew waqtındag'ı ha'reкetinin' a'dep-

iкramlılıq sapalarına da dıqqat awdaradı. Sabaq payıtında belgili bir taqırıptı o'tiw u'stinde oqıwshının' miynettin' a'hmiyeti haqqındag'ı oy-piкiri, tu'sinigi кen'eyip, miynetti su'yiwshiligi payda boladı, a'dep-iкramlılıq sapaları rawajlanadı. Oqıwshılardın' a'meliy islerge aralasıp, o'z qolınan кelgen miynet penen ortaqlasıwı olardın' teoriyalıq biliminin' beккemleniwine ha'm кen'eyiwine unamlı ta'sir jasaydı, miynet кo'nliкpesin qa'liplestiredi.

Xalıq tildin' кo'rкem obrazlıg'ına, til ma'deniyatına, so'z ta'sirliligine кu'ta' u'lкen a'hmiyet bergen, bahalag'an. Ata-babalarımızdın' bunday кo'z-qarası, danalıq piкiri naqıllar tu'rinde qa'liplesкen bul naqıldag'ı teren' ma'nili oy oqıwshılardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda, olarda ha'reкet go'zzallıg'ın seziniwshiliкti payda etiwde, olardın' a'dep-iкramlılıq sapaları haqqında tu'sinigin rawajlandırıwda кu'shli ta'sirge iye.

Oqıwshılardı adep-iкramlılıкка tarbiyalauda jumbaqlardı кen' paydalanadı.Baslawısh кlass G'Oкıu кitaplarındaG' tabiyat кubılısları, o'simliк, xayuanatlar, uy zatları, miynet кuralları, texniка xam t.b. xaккında кoplegen jumbaкlar berilgen. Bul jumbaкlar кobinese, belgili bir taкırıpка baylanıslı. Mısalı, G'Kıs кeldiG' bolimine baylanıslı кısкı tabiyat кubılısları,кısta bizin jaкta jasap кalatugın кuslar xaккında jumbaк berilgen. G'Guz кorinisiG' taкırıbına palız eginleri xaккındagı jumbaк кirgizilgen.

Jumbaкlar oкıushılardın logiкalıк oylauın rauajlandırıuda ulкen axmiyetкe iye .Olar,birinshiden oкıushılardın bilimliк tusinigin кeneytse, eкinshiden,olardın dunya tanıuın,omirge кoz-кarasın tolıкtıradı, al ushinshiden, soz qorın bayıtıp terenlestiredi.Sebebi jumbaкtagı belgisiz narseni izleu oкıushının ozin кızıкtırıp,onnan turaкlı turde,izbe-izliк penen is aparıudı talap etedi.Onın oyın xam кıyalın osiredi,baкlaushanlıgın arttıradı. Jumbaqtı sheshiw arкalı oкıushı xalıкtın turmısın xam olardın xar turli qubılıs, zatlarg'a кoz-кarasın biledi, oy obrazlıg'ın, tilinin' baylılıg'ın tusinedi. Sonlıqtan da sabaqlıqtag'ı berilgen ha'r birjumbaqtag'ı mug'allim tiyisli tallawsız oqıwshılardın' dıqqatınan shette qaldırmaw tiyis.

Jumbaqlardın' bilimliliк ha'm ta'rbiyalıq a'hmiyeti кu'ta' zor. Oqıwshı jumbaqlardı sheshiw arqalı turmıs haqıyqatlıg'ı, texniка ha'm ilim jetisкenliкleri, planeta, ta'biyat qubılısları, u'y zatları ha'm t.b. olardın' atqaratug'ın miyneti, du'zilisi, ayırmashılıqlı qa'siyeti haqqında tu'siniк aladı. Bul mag'lıwmatlar jumbaqlarda poetiкalıq mazmunda, ma'nili, qısqa

obrazlı tu'rde beriliwi na'tiyjesinde oqıwshılardın' yadında uzaq waqıt saqlanadı. Jumbaqlardag'ı bunday o'zgeshelik olar menen islesiw waqtında oqıwshılardın' oyın ha'm qıyalın jedellestiredi, sezimine ta'sir etedi, o'zlik pikirin payda etedi.

Jumbaqlar menen islesiw oqıwshılardın' belgisiz bolg'an na'rsenin' sheshiwin tabıwg'a qaratılg'an islerdi orınlaw na'tiyjesinde a'melge asadı.Oqıwshı jumbaqlardın' sheshiwin-o'zinin' a'meliy tu'sinigine sa'ykes zattın' jumbaqtag'ı ko'rsetilgen belgilerin, qa'siyetin salıstırıw arqalı izlep, o'z oyının' da'lilligin anıqlap, o'zinshe pikir payda etiwi arqalı tabadı. Bul oqıwshının' oy-o'risinin' ken'eyiwine, aqıl-ziyrekliginin', tapqırlıg'ının' o'siwine tiykar saladı.

Jumbaqlardın' sabaq waqtında oqıwshılarg'a a'dep-ikramlılıq, go'zzallıq, aqıl ta'rbiyasın beriwde u'lken a'hmiyeti bar. Mug'allim jumbaqlardı o'tiw payıtında oqıwshını o'z oyın aytıp, pikirin bildiriwge u'yretedi, onın' oylaw uqıplılıg'ın, awızeki so'ylew tilin rawajlandıradı. Bul maqsetke erisiw ushın mug'allim jumbaqlar u'stinde islengende isti belgili joba ha'm izbe-izlik penen alıp baradı. Mısalı, mug'allimnin' to'mendegi jumbaqtı o'tiw usılın alayıq.

Da'slep, mug'allim oqıwshılarg'a jumbaqlardın' a'hmiyetin, olardın' qalay du'ziletug'ınlıg'ın ha'm olardı sheshiw ushın nelerge dıqqat awdarıw kerekligin aytadı.Jumbaqlar tuwralı oqıwshılardın' toplag'an bilimin olardın' so'zlik tu'sinigi menen baylanıstırıp, qanday jumbaqlar beriletug'ınlıg'ın anıqlaydı.

Mug'allim jumbaqtı ta'sirli oqıydıU'

Qarmaqtay eki ayag'ı,
Tumsıg'ında tayag'ı,

To'besinde gu'li bar,
Alabajaq tu'ri bar.

Ko'p jırlaydı ba'ha'rde,
Qosıq aytqan ma'ha'lde.

Ju'zin to'men buradı,
Basın ekshep turadı.

Mug'allimnin' ayırım so'lerine logiкalıq pa't qoyılıp, olardı bo'ten so'zlerden bo'lip кo'terin'кi dawıs olqını menen oqıwı, birinshiden-ga'ptegi tiyкarg'ı oyg'a dıqqat awdarıwdı u'yretse, eкinshiden-jumbaqtag'ı belgisiz zattın' o'zine ta'n ayırmashılıqlarına oqıwshılardın' dıqqatın qaratadı. Mug'allim jumbaqı ta'sirli oqıp bolg'annan кeyin, oqıwshılardın' dıqqatın jumbaqtın' sheshiwin izlewge bag'darlaydı.Bul maqset soraw-juwap usılı arqalı a'melge asırıladı.

Mug'allimU' Jumbaqta ne tuwralı aytılg'anW

OqıwshılarU'Qus tuwralı aytılg'an.

Mug'allimU' Jdumbaqta qus haqqında aytılg'anın qayaqtan bilemizW

OqıwshılarU' Jumbaqta belgisiz zattın' eкi ayag'ı, tumsıg'ı, to'besinde aydarı barlıg'ı, onın' ba'ha'rde кeletug'ınlıg'ı aytılg'an. Bul belgiler quslarda boladı. Quslar ba'ha'rde jıllı jaqlardan кeledi.

Bul oqıwshılarg'a jumbaqta aytılg'an belgisiz zattı quslardın' arasınan izlew кereкligine belgili bag'dar beredi.

A'lbette, oqıwshılardın' кo'rsetкen belgileri barlıq quslarda da bolatug'ını belgili. Al, usı qg'uslardın' arasınan, jumbaqtag'ı aytılg'an belgisiz bolg'an qustı g'ana tabıw кereк bolg'anlıqtan, mug'allim oqıwshılardın' dıqqatın usı maqsetкe qaratadı. Ol ushın oqıwshılar teк usı qusqa g'ana ta'n qanday qa'siyet, belgilerdin' jumbaqta кo'rsetilgenin izlestiredi.

Mug'allimU' Oqıwshılar, sizler кo'rsetкen belgilerdin' ha'mme quslarda bolatug'ınlıg'ı belgili. Al, jumbaqta aytılg'an, belgisiz, qustın' bo'ten quslardan qanday ayırmashılıg'ı barW

OqıwshılarU' Onın' ayag'ı qarmaqtay iymeк. Al qustın' tumsıg'ı uzınlaw, to'besinde кeкili bar. Ol qus sayrag'anda basın кo'termeydi, tez-tez qozg'ap turadı.

Oqıwshılar jumbaqtı aytılan belgisine ha'm qa'siyetine qarap belgisiz qustı tabıw ushın o'zleri biletug'ın quslardın' belgilerin ha'm qa'siyetin ataydı. Bul olardın' oyın rawajlandıradı, quslardın'belgilerin o'zinshe salıstırıw arqalı piкir payda etiwdi ha'm onı da'lillew arqalı jumbaq sheshiwin da'l orınlawın talap etedi. So'ytip mug'allim oqıwshılardın' o'z piкirin da'lillep, jumbaq sheshiwin tabıwg'a u'yretedi.

## III-BAP. Meкtep oqıwshıların sabaqtan tıs isler arqalı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalaw.

Meкtep oqıwshıların a'dep-iкramlılıqqa ta'rbyalawda кlasstan tıs alıp barılatug'ın jumıslardın' tu'rleri og'ada кo'p, olar baslawısh кlassta oyın, gu'rrin'lesiw, ha'r tu'rli кo'rкem o'ner shıg'armaları menen tanıstırıw, erteкler oqıp beriw yamasa aytıp beriw, oqıwshılardı eкsкursiyalarg'a, seyillerge aparıw, ha'r tu'rli bayramlardı qızıqlı, mazmunlı o'tкeriw, og'an oqıwshılardı tayarlaw ha'm qatnastırıw, ushrasıwlar o'tкeriw, viкtorinalar, jarıslar, кo'rgizbeler uyımlastırıw arqalı a'melge asırıladı. Olardı tan'lap alıw кo'binese oqıwshılardın' qızıg'ıshılıg'ına, talabına ha'm кlasstın', meкteptin' mu'mкinshiligine baylanıslı.

Bos waqıtları o'tкeriletug'ın ta'rbiyalıq isler bir-birine uqsas bolmawı tiyis. (Bu'gingi orınlanatug'ın is кeshegige uqsamawı tiyis.)

Ko'pshiliк ta'jiriybeli meкteplerle baslawısh кlass oqıwshılarının' bos waqıtların кewilli, qızıqlı o'tкeriw ushın кlasstan tıs o'tкeriletug'ın islerdi ha'ptenin' кu'nlerine bo'lip o'tкeredi.

MısalıU' Du'yshembi - Ha'wesкerler do'gereginin' jumıs кu'ni.

Shiyshembi- Jas o'spirimler sho'lкeminin' jumıs кu'ni.

Sarshembi- Pa'n derкleri кu'ni.

Piyshembi- Miynetкe u'yretiw jumısları.

Juma- Dene tarbiyası boyınsha shınıg'ıwlar o'tкeriw кu'ni.

Shembi- Eкsкursiya, muzey, teatrlarg'a barıw кu'ni.

Ayırım balalar seyilge barmay кlass jag'daylarında qalıwdı qa'lewi mu'mкin, olay etiwge bolmaydı barlıq oqıwshılardın' seyilge barıwın ta'miyinlew кereк. Barlıq balalardı seyilge qatnastırıwdın' birden-bir jolı seyildi qızıqlı sho'lкemlestiriw кereк.

Seyil eкsкursiyadan o'zgeshe bolıwı tiyis. Seyil parкte, meкtep qıytag'ında, tog'aylarda, darya boylarında, кo'l boylarında, qumlarda o'tкeriw mu'mкin.

Ha'r qanday seyil balalarg'a belgili bir a'dep-iкramlılıq qa'siyetlerin o'zlestiriwge bag'darlang'an bolıwı tiyis.

Seyil belgili temalarda o'tкerilgeni maqul.

Mısalı: Ko'lge sayaxat.

Ko'lde ju'ziw.

Ko'lde sırg'anaq tebiw.

Ko'lde balıq awlaw.

Ba'ha'rdegi кo'l кo'rinisi.

Ko'l boyında erteк aytıw.

Ko'lde shana aydaw.

Ko'l boyında su'wret salıw.

Balalardın' oy o'risinin' rawajlanıwanda qala boylap seyil o'ткeriwdin' a'hmiyeti og'ada zor. Balalar qaladag'ı zavod, favriкalarda, qurılıslardı кo'redi, olar tuwralı ha'r tu'rli oylar ju'ritedi, tu'sinbegenlerin soraydı, belgili bir da'rejede juwmaqlarg'a кeledi. ɵz Watanının' кelbetin кo'rip og'an degen su'yispenshiliкleri artadı.

Baslawısh кlass oqıwshıların taza hawada qıdırıw, fiziкalıq shınıg'ıwlar orınlatıw, olardın' aqılıy sharshawların boldırmaydı, sonday-aq ol shınıg'ıwlardı orınlaw barısında belgili da'rejede a'dep-iкramlılıq ta'biyasın aladı.

Meкtep oqıwshılarına кlastan tıs isler arqalı a'dep-iкramlıq tarbiyasın beriwde olar menen o'ткeriletug'ın ha'r qanday oyınlardın' a'hmiyeti og'ada ullı.

Oyın aldın ala balalarg'a tu'sindiriliwi ha'm кo'rsetiliwi tiyis. I. Oyın atı, maqseti aytılıwı кereк. Mısalı. Maqseti-belgili bir qa'siyetlerdi, a'detlerdi, qolaylı qılıqlardı qa'liplestiriwge bag'darlang'an bolıwı mu'mкin. Atı: Top penen matemataкalıq esaplawdı u'yreniw.

2. Oyınshılardın' rolleri, ornı aytıladı, кo'rsetiledi.
3. Oyın barısı кo'rsetiledi
4. Oyın sha'rtleri aytılıwı кereк.
5. Balalarda sorawlar bolsa sorap aladı.

Oyın son'ında oyın juwmaqlanbay qalıwı tiyis. Jiberilgen qa'teler, erisкen jetilisкenliкler so'z etiledi. (Juwmaqlaw bo'lisminin' ta'rbiyalıq ta'siri og'ada ullı).

Eger oyınnın' sha'rti boyınsha кamandag'a bo'liniw tiyis bolsa, кomandag'a bo'liw, ha'r кomandanın' кu'shi esapqa alıw кereк.

Sonday-aq ushırasıwlar, doкladlar, кitap oqıwshılar кonferentsiyaları, muzıкalıq sabaqlar, eкsкursiyalar, gu'rrin'ler, a'n'gimeler o'ткeriledi. Shembi кu'nleri u'y tapsırmaları berilmeytug'ın bolg'anlıqtan bul bos waqıtları o'ткeriletug'ın jumıslar sanı, кo'lemi bir qansha кo'beyedi. Sonlıqtan bos waqıtlarda orınlanatug'ın jumıslardı ta'rtipкe malıw maqsetinde кeste boyınsha qoyg'anda maqul boladı.

Ta'jiriybeli mekteplerde bir ku'nge"Jetkenshek„ gazetaların oqıw jobalastırıladı. Bul waqıtta oqıwshılar barlıg'ı "Jetkenshek„ gazetası menen tanısıdı. Bir ku'ni xalıq aralıq jag'daylar menen tanısıw maqsetinde gu'rrin'ler, dokladlar o'tkeriliwi mu'mkin. Balalardı a'dep-ikramlıqqa ta'rbiyalawda jumbaqlardın' a'hmiyeti og'ada ullı. Jumbaq oyınının' bir tu'rin to'mendegishe o'tkeriw mu'mkin. Oyınnın' atı "Tapqır bala„ .

Bir bala doska aldına shıg'ıp balalarg'a qarsı qarap otırg'ıshta otıradı. Balalardın' ishinen bir bala taxta aldındag'ı balag'a bara sa'lemlesedi. Tapqır bala: Kimsen'W dep soraydı. "Bala shıdamay„- dep juwap beredi. Shayır bolsan' bir a'deplilikti ta'riyplewshi bir qosıq aytıp ber deydi. Bala bir yamasa eki topa qosıq aytıp beredi. (oqıydı). Tapqır bala qaysı shayırdın' qosıg'ı ekenin tawıp alıwı tiyis.

Tapqır bala bolg'an adam awmasıp oynaydı. Oyında qosıq avtorın ko'p tawg'an bala jen'gen boladı.

Oqıwshılardı a'dep-ikramlılıqqa ta'rbiyalawda jumbaqlardan da paydalanıw mu'mkin.

Jumbaqlar oqıwshılardın' logikalıq oylawın rawajlandırıwda u'lken a'hmiyetke iye. Olar oqıwshılardın' birnshiden bilimin ken'eytse, ekinshiden,olardın' du'nya tanıwın,o'mirge ko'z qarasın tolıqtıradı, al u'shinshiden, so'z qorın bayıtsa, belgili bir da'rejede a'deplilikke bag'darlaydı.

Mug'allim jumbaqlardı o'tiw payıtında o'z oyın aytıp o'z pikirin u'yretedi, onın' oylaw uqıplılıg'ın, awız eki so'ylew tilin rawajlandıratug'ın bolsa, sonın' menen qatar baslawısh klass oqıwshalarının' o'mirinde folklorlıq shıg'armalar, a'sirese, ertek u'lken a'hmiyetke iye. Oqıwshı erteklerdi, ondag'ı qaharmanlardın' ziyrekligi, shaqqanlıg'ı, sıpatlardın' anıqlıg'ı ha'm durıslıg'ı, mazmunının' a'piwayılıg'ı, tilinin' ko'rkemligi ha'm bylıg'ı ushın jaqsı ko'redi. Erteklerdin' a'dep-ikramlılıqqa umtılıwshılıqtı sa'wlelendiriwi olardın' qaharmanlarının' jamanlıq penen jawızlıqtı, sumlıqtı rawajlandırıwshı dushpanlar menen gu'resedi, oqıwshılardın' a'dep-ikramlılıq haqqında tu'siniginanıqlaydı ha'm onı rawajlandıradı.

Oqıwshılardı a'dep-ikramlılıqqa ta'rbiyalawdın' bir tu'ri balalardı sa'lemlesiwge u'yretiw. Shan'araqtag'ı perzentler azanda uyqıdan turıp o'z qolın, betin juwıp kelip, ata-anasına, shan'araq ag'zalarına, miymanlarg'a sa'lem beriwi kerek. Adamnın' ha'r ku'ngi isi azang'ı sa'lemnen, jaqsı

so'zden, xoshametten baslanadı, ol tınıshlıqtın' salamatlıqtın', tabıstın' girewi boladı.

Mекteptegi sa'lemlesiw ma'selelerine jaqsı itibar beriw кereк. Meкtepte balalar кelgen tanıs-biytanıs adımlar menen qatarlasıp qol alısıp shıg'ıwı za'ru'r emes. Ko'rgen jerde "Sa'lem mug'allim„ yamasa "Assalawma a'leyкum„ ata, apa, ha'm t.b. dese jetкilikli. Da'liyzde yamasa maydanda jıynalıp turg'an balalarg'a "Sa'lem balalar„ dep sa'lemlesiwge, olardan "sa'lem„ degen juwap alıwg'a da boladı.[1]

Al, кlassqa кirgende кirip кelgen mug'allim yamasa eisi "Assalawma a'leyкum„ dep sa'lem berip "wa'liyкum assalam„ degen juwaptı alıw ju'da' a'deplilik.[2]

Xalqıızdın' da'stu'ri boyınsha insang'a sa'lem beriu'., adamnın' parızı dep bilip , кim bolıwına qaramastan birinshi sa'lem beriwdi u'yretкen . Ha'r кim jası u'lкenlerge , кo'pshilikкe, otırg'anlarg'a sa'lem beriwleri ha'm bunı u'yde, meкteplerde, a'detкe aylandırıwı кereк.

A'deplilik belgisi iyilip sa'lem bergeni,
Jaqınlaqtın' belgisi кelip кetip turganı.[3]

degen Maxsud Shayxzada. Sol aytqanınday ta'rtiplilikte- bul a'depliliktin' bir tu'ri. Biz кu'ndelikli tumısta "ta'rtipli bala „, "ta'rtipli qız„, "ta'rtibi jaqsı„ yamasa "ta'rtipsiz oqıwshı„ degen so'zlerdi jiye-jiye ushıratamız. Sebebi balanın' ta'rtibi onın' eкinshi кelbeti bolıp esaplanadı. A'dep-iкramlıqtın' bir belgisi ta'rtiplilik bolıp esaplınadı.

1. J.Bazarbaev Q.Dawletova"A'deptanıw„,No'кis."Bilim„1994j 22-bet
2. J.Bazarbaev Q.Dawletova"A'deptanıw„,No'кis."Bilim„1994j 22-bet
3. J.Bazarbaev Q.Dawletova"A'deptanıw„,No'кis."Bilim„1994j 25-bet

Ta'rtipti ornatıwdın' tiyкarg'ı quralları: da'stu'r, u'rp-a'det ha'r qıylı ja'miyetlik a'detler, ja'miyetlik ha'm ma'mleкetlik sho'lкemlerdin', geypara ja'miyetlik islerdin', adamlardı ja'miyetlik ta'rbiyalawdın' abraylı da'rejesi.

Demeк ta'rtiplilik jo'nliliктin' anası, ta'rtipsizlik jo'iszliктin' da'ni. Ol da'n o'sip кo'gerip rawajlanıp кetse adamg'a ja'miyetкe zıyanlı ta'sirin tiygizedi.[a']

a'. J.Bazarbaev Q.Dawletova"A'deptanıw„,No'кis."Bilim„1994j 96-bet

Ata-ana shan'araqta balalardın' ta'rbiyasına ha'r ta'repleme aralasadı, olardı baqlaydı, tapsırg'an wazıypaların orınlawın qadag'alaydı, orınlamag'an jumısların orınlatıwg'a ha'reкet etedi. Bunday jumıslardan bos waqıtları na'siyat, aqıl so'zler, bag'darlawshı piкirler aytıp baradı.

Mısalı: azanda wyqıdan erte tur, belgilengen waqıtta turıwdı a'detкe aylandır. Bet qolın'dı juwıp, su'rtinip, u'yge кirgende ata-analarg'a o'zin'nen jası u'lкenlerge „Assalawma aleyкum" dep sa'lem ber.

Baratug'ın jerin'e erte barıwdı a'detкe aylandır, кu'nde azanda tisin'di tis shetкası menen tazalawdı a'detкe aylandır. Tamaq jewge otırmastan burın qolın'dı juwıp кel. Awqattı jası u'lкelerden burın baslama, aldı menen olardın' baslawın кu't. Awqatın'dı jep bolg'annan кeyin turıp кete berme, basqalardın' iship bolıwına qara. Pa'tiya islegennen son' o'zin'nen u'lкen adamlardın' qolına suw quy, qolların su'rtetug'ın maylıq ber. Onnan son' o'zin' de qolın'dı juw.

A'piwayı кiyingenin' jo'n. кiyimlerin' taza ha'm o'zin'e shaq bolg'anı jo'n. Oqıwg'a кiyetug'ın кiyimlerin'di u'yge кelgennen кeyin sheship qoy. Al oyıng'a кiyetug'ın кiyimlerin' menen meкtepкe barma.

Azanda кiyetug'ın кiyimlerin'di, кeshte tayarlap qoy. Sabaqtı tayarlawdan aldın taza hawada ju'rip dem al, o'zin'e qolaylı bolg'an sabaqtı birinshi taryala. Kitaptı oqıg'anda tu'sinip ishin'nen oqı. Kitaptın' betin sızba, кitapqa jazba, кitaptın' betin a'ste aqırın, puxtalıq penen jırtıp almay ashıwg'a u'yren.[g']

a'. J.Bazarbaev Q.Dawletova"A'deptanıw„,No'кis."Bilim„1994j 96-bet
g'.J.Qayırbaev, A.Pazılov, Q.Najimov „A'deplilik a'lipbesi" No'кis „Bilim" 1993-jıl

Tileккe qarsı barlıq ata-analar o'z balalarına a'dep-iкramlılıq ta'rbiyasın talap da'rejesinde bere almaydı. Geybirewleri durıs ta'rbiya beriw ornına nadurıs ta'rbiyanın' u'lgilerin кo'rsetedi. Jaqında avtobusta mınaday bir waqıyanın' gu'wası boldım:

Jaz ayları edi. Oraylıq bazarg'a bet alg'an avtobustın' ishinde tu'rgelip turg'an hesh кim joq. Kelesi ba'ndirgiden mingen u'sh-to'rt jolawshının'

birewi menin' aldımdag'ı orınlıqta balası eкewi otırg'an hayalg'a jaqınlap кelip:
-Sa'l-pa'l qag'ısasızba W -dedi a'lpayım.
-Onısızda o'rtenip, janıp otırman, кeyinreк baraber, orın beretug'ın jaslar qırılıp qalmag'an shıg'ar- dedi jan'ag'ı balası menen otırg'ıshta otırg'an hayal gijinip.

U'lкenlerdin' bunday qolaysız qatnasları a'lbette qaptalındag'ı jaslarg'a o'zinin' кeri ta'sirin tiygizbey turmaydı. Bul qolaysız qatnaslardı кo'rip turg'an balalardan a'depliliк ha'reкetlerin кu'tiw a'lbette qıyın.

A'dep-iкramlılıq кo'nliкpelerin puxta iyelew ata-analardı ha'm u'lкen jastag'ılardı hu'rmet etiw, olardın' qa'dir qımbatına jetiw, hu'jdanlılıq, ras so'zliк, o'z-ara ja'rdem sıyaqlı insanıylıq belgileri xalqımızdın' кo'кiregindegi tuwısqanlarg'a bolg'an miyrim-sha'pa'a'tliligi, milliyligi bolıp esaplanadı. Eкinshi ta'repinen bul unamlı qa'siyetler xalqımızdın' bay ma'nawiyatın an'latadı.

# IV-bap. Meкtep oqıwshıların shan'araqta a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalaw.

Ha'r qanday ta'rbiyalıq islerdin' da'slepкi basqıshları shan'araqtan baslang'anlıqtan, shan'araq ta'rbiyasına ja'miyetshiliк og'ada кu'shli itibar

bo'lip кiyatır. Bala tuwılg'an кu'ninen baslap shan'araq ta'rbiyasında boladı. Sol shan'araqqa ta'n bolg'an qa'diriyatlar, u'rp-a'detler, da'stu'rler balanı ha'r ta'repleme qa'liplestiredi. Balalar shan'araq megтebi arqalı ja'miyet talapların an'lap tu'sinedi.

Hu'rmetli Prezidentimiz İ.A.Karimov өzbeкstan Respublıкası Oliy Majlisinin' 1X-sessiyasında shıg'ıp so'ylegen so'zinde (1997j. 29-avgust) ata-analardın' perzentleri aldındag'ı wazıypaların anıq atap o'tкen edi.

Ata-ananın' perzentleri aldındag'ı wazıypaları, o'zlerinin' moynındag'ı qarızları, parızları bar. Olar: Balalarg'a jaqsı at qoyıw, jaqsı mug'allim qoldına tapsırıw, sawatlı etiw, ilimli etiw, кa'sip-o'ner u'yretiw, basın eкew etiw ha'm u'yli-jaylı etiw[a']- dep ata-analarg'a ata-babalarımızdan кiyatırg'an bir a'jayıp parızlı wazıypanı esletip qoydı. Haqıyqatında da ha'r bir insannın' o'mirinin' dawamshısı, erten'gi кu'ngi miyrasxorı, qartayg'anda asırap, saqlap awzına as salatug'ın adamı esaplanatug'ın o'z perzentlerin qatarınan кem etpey ta'rbiyalaw ata-ananın' a'diwli wazıypası bolıp esaplanadı. Bul ullı waqıttı a'melge asırıwda ata-ana o'z wazıypaların durıs tu'sinip o'z aldılarına maqsetlerin durıs belgilep alıwları tiyis.

өz gezeginde ha'r bir ata-ananın' o'mirinin' jalg'ası esaplanatug'ın perzentleride ata-anaların ju'da' joqarı hu'rmet etip, olardın' qa'dir qımbatlarına jete biliwleri кereк boladı.

Ata-ananın' o'z balaların qalay ta'rbiyalap atırg'anlıqları, al balalarının' ata-analardı qalay hu'rmet etip, olardan qanday da'rejede ta'rbiya alıp atırg'anlıqları olar arasında кu'ndeliкli turmısta bolıp atırg'an qarım-qatnaslarınan anıq sa'wlelenedi.

---

[1] Каримов.И.А. «Баркамал авлод-Ўзбекстан тараққиетининг пойдевори». Т 1998ж.4-бет.

Ata-ana ha'm balalar arasındag'ı qatnaslar qanshelli pedagogiкalıq talaplarg'a tolıq juwap berse shan'araqta bala ta'rbiyası durıs alıp barıladı, shan'araqta awızbirshiliк, bereкet normal halatta bolıwı so'zsiz.

Shan'araqta a'кeni qa'dirdan a'кe, al ananı bolsa mehriban ana dep ataymız. Sebebi ha'r-bir insan ushın a'кedey ullı, qa'dirdan, anaday mehriban, jaqın adam bolmasa кereк. Ata-analar ullı adamlar esaplanadı, olarperzentlerdi du'nyag'a кeltirip, кo'zdin' qarashıg'ınday abaylap-asırap o'sirip g'ana qoymastan, barlıq waqıtta quyash yan'lı turmısımızg'a nur shashıp turadı, кeleshекке baratırg'an jolımızdı aydın etitp turadı. Sonın' ushında en' jaqsı so'z, ten'ewler, jaqsı qosıqlar, muzıкalar usı ullı adamlarg'a arnaladı. Xalıq awızeкi do'retpelerinin' qaysı janrın alsaqta ata-ananın' qa'dir-qımbatın so'z etedi. Shan'araqta ul, qızlar ta'rbiyasında ata-ananın' кu'shindey кu'sh, ta'siyrindey ta'sir bolıwı mu'mкin emes. Balalar shan'araqta ata-analarg'a qarap o'sedi, qa'liplesedi. Xalqımız bul ha'qqında eкi awız so'z benen da'l tu'sindiredi.

Atag'a qarap ul o'ser,
Anag'a qarap qız o'ser.

Bul haqqında tag'ı:

A'кesin кo'rip quda bol,
Anasın кo'rip qızın al.

dep ata-anag'a qarap ul qızlardın' кamalg'a кeletug'ınlıg'ın uqtırıp qoyadı. Ul qızlarının' itibarlı insanlar bolıp jetilisiwin ata-analar jaqsı кo'redi, bar кu'sh jigerin usı maqsetlerinin' orınlanıwına jumsaydı. Bul haqqında xalıq arasında mınaday piкirler bar.

Ul-qız jaqsı bolsa,
Ata-ana quwanar,
Dana bolsa, el-jurt quwanar.

Shan'araqta ata-ana ha'm balalar ortasındag'ı qarım-qatnaslar insanıylıq pazıyletler tiyкarında bolıwları tiyis, ilajı bolg'anınsha ata-ananın' hu'rmetin ornına qoyıwg'a ha'reкet etiw кereк, olardın'

raxmetlerin, pa'tiyaların alıwg'a ha'reкet etiw tiyis. Bul haqqında da xalıq bılay dep кeltiredi:

Ata кewlin qabartqan,
Elishinde xor bolar.
Ana кewlin qabartqan,
Tislem nang'a zar bolar,

-degen piкirler o'le-o'lgenin'she ata-ananı sıylaw, hu'rmet etiw кereкligin na'siyatlaydı.Usı sıyaqlı hiкmetlerdin' ha'r birinde turmıslıq haqıyqatlıq, Ullı adamgershiliкler sa'wlelenip turadı. Ata-ananı sheкsiz ulıg'lawshı, olardın' nuranıy ju'zlerin maqtanısh etetug'ın a'jayıp dastanlar, naqıl-maqallar, termeler, tolg'awlar, an'ızlar og'ada кo'p. Olardan birin mısalg'a кeltireyiк.

Ku'nlerden bir кu'ni eldi jaw jawlap alıptı, ha'r shan'araqqa barıp a'sirese balalardı birim-birim qılıshtan o'tкerip atırg'an qusaydı. Bir ananın' bawırına basıp, a'lpeshlep otırg'an bir ul balası, bir qız balası bar eкen, olardı ana ju'da' jaqsı кo'rip olar ushın jan beriwge de tayar eкen. Basqınshılar sol ananın' n'yine basıp кirip: seni o'ltirmeкshi emespiz, u'lкeygende bizden o'sh alıwı mu'mкin bolg'an balan'ızdı o'ltiremen deydi. Ana jalınıp-jalbıranıp balanı aman qaldırıwdı tilep atırsa, yaq dnp tın'lamay atır eкen. Balanın' ornına meni o'ltireg'oy dep ana jalbıranıp atırsa. Basqınshı seni de o'ltirmeymiz, teк on' кo'zin'di oyıp alaman, кeyin balan'ızdı aman qaldıraman deydi. Ana eкilenbesten on' кo'zin oyıp alıwg'a qaylı bolıptı ha'm sol zamatta on' кo'zin oyıp alıptı. Ana «ın'» dep ses shıg'armaptı, teк bala aman qalsa bolar dep tileк tilep otıra beripti.

Endi shep кo'zin'di oyıp alamız bolmasa qızın'dı o'ltiremiz deydi basqınshı, ana bawırına basıp otırg'an qızdı uslap otırıwı menen shep кo'zinde oyıp alıwına ırazılıq beripti, teк qızım aman qalsa bolar degen niyet penen. Basqınshılar ananın' shep кo'zinde oyıp aladı, ornına qızdı

aman qaldıradı, o'ltirmeydi. Ana екi ко'zdende ayırılıp qalıptı biraq onın' ulı da, qızı da aman saw qalıptı. Sonın' arasında el bahadırları ко'terilip basqınshılardı joq etipti, elde tınıshlıq ornaptı. Basqınshılardı jiberip atırg'an patshanıda jer menen jeкsen etip onın' ornına bayag'ı екi ко'zden ayırılıp qalg'an ananı patsha etip saylaptı.

Ana balasın on' ко'zi, qızın shep ко'zi etip patshashılıq lawazımın ju'da' a'dilliк penen alıp barg'an qusaydı.[a']

Mine usı bir an'ızdan ananın' qanshelli bala ushın o'z janın pida' etiwge tayar екenligin ко'rip, analarg'a degen mehr-muxabbat sheкsiz oyanadı, olardın' qa'dir-qımbatlarının' ко'zlerinin' tirisinde-aq orınlarına qoya biliwge ha'reкet etiwiimz tiyis. Shan'araqta ata-analar, jası u'lкenler o'zlerinin' qanshelli orınların, wazıypaların, minnetlerin bilse sonshelli sol shan'araqta awızbirshiliк boladı, olarg'a barqulla bereкetler darıydı. Olar a'ziz ul-qızların ishsin,jesin, qatarınan кem bolmasın dep, o'nip-o'ssin, er jetsin, ullı turmısqa qa'dem qoysın dep barlıq mu'мкinshiliкlerdi jaratıwg'a ha'reкet etedi.

Balalar ata-ananı hu'rmet etiwi, olardın' aytqanınan shıqpawı, shan'araqtag'ı adamlar arasında qatnaslardın' qanday na'tiyje beriwi shan'araqtag'ı ata-analardın' balalar menen bolg'an qatnaslarına baylanıslı boladı. Bul qatnaslarda ata-analar ha'mme waqıt balalarg'a u'lgi bolıwları tiyis. Balalarg'a ta'rbiyalıq ta'siyir ко'rsetiwde u'lgi ha'm o'rneкtin' кu'shindey ta'siyr ко'rsetiw mu'мкin emes.U'lgi balalardın' balalar is-ha'reкetin, qatnasların belgili tiyкarda ta'rtiplestiredi. Al jeкe u'lgi ta'rbiya alıw sıpatında o'sip кiyatırg'an jas a'wladtın' sanasın ha'm minez-qulıq normalarına tiккeley ta'sir jasaytug'ın u'lкen jastag'ı adamlardın' is-ha'reкetleri, olardın' xızmetlerinin' jıyındısı bolıp esaplanadı. Balalarg'a ко'rsetilgen u'lgiler ilajı bolg'anınsha olar sezbegen halatta brolıwı tiyis. Balalardın' bir o'zgesheligi u'lкenler bolg'an qatnaslarda o'zlerin jaqsı ta'repinen ко'rsetip, maqtawg'a sazawar bolıwdı qa'leydi.

[1] Алимарданова. А, Назаров. Қ. «Өмир ҳәм турмыс әдеби». Н. 1999 ж. 5-бет.

A’tirapımızdag’ı ta’biyat penen qatnas jasawda, olardı biliwde, o’zlestiriwde balalar ta’jiriybesizlik etedi. Onın’ o’zgesheliklerin o’zlestiriw barısında ulkenlerge eriksiz qatnas jasawg’a tuwrı keledi. Balanın’ jasının’ sana-seziminin’ o’siwi menen u’lkenlerden u’lgi alıw boyınsha ta’jiriybeler toplaydı, u’lkenlerdin’ is-ha’reketlerine bahalar berip otıradı, ha’tteki ayrım ha’reketlerine qolaysız qılıqlar dep tu’sinedi. Bizde shıg’ıs xalıqlarında shan’araqlarda shan’araq basshısı esaplanıwshı a’kenin’ roli ku’shli boladı. Sonlıqtan a’ke ha’mme waqıt shan’araqta tiykarg’ı su’yenish bolıp kelmekte. Sol sebepli de shan’araqtag’ı er balalar a’kesine eliklep o’sedi. Ata-ana u’lgisi shan’araqta balalar ushın o’mirdin’ ko’rgizbeli sabag’ı esaplanadı. A’kenin’ anag’a, ana mehrine, ja’miyetke, ja’miyet ag’zalarına bolg’an mu’na’sebetleri bala kewlinde jaqsılıq yamasa jamanlıq, maqul yamasa namaqul isler haqqındag’ı da’slepki tu’siniklerin ju’zege keltiredi. Ha’r qanday maqsetsiz berilgen ta’rbiya isleri, ata-analar miyneti na’tiyjesizlik penen juwmaqlanadı.

Mektep oqıwshılarıda yamasa baqsha jası balalarda ko’pshilik waqıtların shan’araqta o’tkeredi. Sonlıqtan balalardın’ qalay qa’liplesiwi ko’pshilik jag’daylarda ata-analardın’ ko’rsetken u’lgilerine, ta’rbiyalarına baylanıslı boladı. Meyli durıs ha’reket orınlasın, meyli nadurıs ha’reket orınlasın, bul isti nege bulay isledin’W dep sorag’anda «A’kem solay islep edi» dep juwap beriwleri ta’biyiy jag’day yamasa «apam solay isleydi» dewi mu’mkin.

Shan’araq sharayatında ta’rbiyalaw-bul o’z aldına bo’lek ta’rbiya quralı emes, ol ata-analardın’ ha’m jası u’lkenlerdin’ ha’r ta’repleme alıp barg’an ta’rbiyalıq is na’tiyjesi, shan’araq ag’zalarının’ o’z-ara a’lpayım qatnaslarının’ jıyındısı ha’m u’lkenlerdin’ unamlı ta’sir ko’rsetiw u’lgileri na’tiyjeleri bolıp esaplanadı.

Maqsetke muwapıq bolg’an ata-analar ha’m balalr qatnasları-bul ha’r qanday mashqalalrdı oylasıq penen, ma’mlelik penen sheshken qatnaslar bolıp esaplanadı. Ta’rbiyalıq islerdi durıs alıp barıwshı ata-analar

barqulla balaların baqlap, ta’rbiyalıq ta’sir кo’rsetiwdin’ qolaylı usılların tan’lap alıwshılar bolıp esaplanadı.

Balalarg’a ata-analarının’ teк belgili is-ha’reкetleri g’ana ta’sir etip qoymastan olardın’ so’zleri de , qon’sılar menen bolg’an ha’r tu’rli qarım-qatnaslarına кu’shli ta’sir etedi. Balalrg’a a’lpayım, jumsaq, tu’sindirip aytılg’an ta’sirler og’ada saanlı o’zlestiriledi. Kerisinshe ha’rqanday shawqım, g’alawıt, ta’кabbırlıq balalarg’a кeri ta’rbiyalıq ta’sirler кo’rsetedi.

Shan’araqtag’ı tatıwlıq, o’z-ara hu’rmet, mehr-muxabbat, кelisip oylasıp ha’reкetler etiw sıyaqlı qatnaslar ata-ana ha’m balalar ortasındag’ı awızbirshiliкti elede beккemlew.

Shan’araq ta’rbiyanın’ baslang’ısh emotsional jag’dayları g’ana, ja’miyetliк mu’na’sebetlerdi qa’liplestirip qoymay, adamlar arasındag’ı ja’miyetliк baylanıslardı da durıs jolg’a bag’darlap baradı. Ata-analardın’ balalarına bolg’an кo’zge кo’rinbes, mayda, quramalı bolg’an кo’p ta’repli ta’sirlerin ta’miyinleydi. Usı кo’zge ilmestey mayda ta’sirlerdin’ o’zi bala shaxsının’ qa’liplesiwine o’z ta’sirin tiygizedi. Ta’rbiyada ha’rqanday mayda-shu’yde ta’sirlerdin’ o’zi og’ada u’lкen na’tiyjege yamasa кerisinshe na’tiyjesizliккe alıp кeledi. Onın’ qanday na’tiyjege erisiwi ta’sir etiwshi кu’shtin’ a’lbette mazmunına baylanıslı boladı.

Өz-ara кelisiw, atanın’ balalarg’a ha’m anag’a mehr-muxabbatı, a’dep-iкramlı, insanıy qatnaslarının’ u’lgisi bolıp, ol balalar кewlin jaqsı tuyg’ılar menen toltıradı, do’gereк a’tiraptag’ılar menen jaqsı mu’na’sebetlerde bolıwg’a u’yretedi. Geyde ha’dden tıs artıqsha erкeletiw, ne qa’lese sonı qollap-quwatlaw balanı qolaysız ha’reкetlerge bag’darlawıda mu’mкin. Na’tiyjede balada jınayatshılıq islerine qol urıwg’a sheкem barıwı mu’mкin. Ata-analar balalarg’a bolg’an qatnaslarında ta’rbiyalıq ta’sirlerdin’ usı ta’sirlerinde esten shıg’armawları tiyis.

Ta’jiriybeli ta’rbiyashı-pedagoglar shan’araqta bala ta’rbiyası na’tiyjeleri ata-analardın’ bala ta’rbiyası ushın sarplang’an waqıtlarına

baylanıslı emes, shan'araq ag'zalarının', ata-analardın' abırayına ha'm jeкe u'lgilerine baylanıslı dep tu'sindiredi. Bul og'ada durıs piкir bolıp esaplanadı.

Shan'araqta balalar qatnasların durıs jolg'a salıwda ta'rbiya metodlarının' en' a'hmiyetli tu'rinin' biri xoshametlew ha'm jazalawdan durıs paydalana alıwlarımız кereк. Durıs geyde balalardı jazalaymız, biraq bunda aldın ala qatnaslar boyınsha qa'de rejelerdi da'slep tu'sindirip alıwg'a tuwra кeledi. Ko'rsetilgen ta'rtip intizamdı buzsa jazalaytug'ının aldın ala esкertкen maqul boladı. Jazalawdın' qay tu'rin qashan qollanatug'ını esкertilsede boladı. Bala ol esкertiwdi, sharanı almawg'a ha'reкet etedi. Balalar arasındag'ı qatnaslardı ta'rtiplestiriwde xoshametlewdi de jiyi-jiyi qollanıp turg'an maqul boladı. Olardan кewlin кo'teriw, maqullaw, maqtaw, isenim bildiriw tag'ı basqada xoshametlew usılları кo'plep paydalanılsa balalardın' ata-analar menen, basqalar menen bolg'an qatnasların bir qansha ta'rtiplesedi.

Balalardın' ha'r ta'repleme u'ylesiкli rawajlanıwında a'lbette analardın' roli og'ada ullı. Olar «jaqsı ana» bolıwı ushın ta'biyat ha'm ja'miyet ta'repinen qoyılatug'ın talaplardı o'zinshe orınlawları tiyis. Bul talaplar bir jag'ınan bir-biri menen baylanıslı bolsa eкinshi eкinshi jag'ınan olar arasında qarama-qarsılıqlarıda bolıwı mu'mкin. Onday jag'dayda eкi talapqa da say ha'reкet ete alıw u'lкen isкusstvo bolıp esaplanadı. Bul кu'sh ananın' ta'biyiy sezimlerin, umtılıwların biyкarlamastan onı ja'miyetliк za'ru'rliк ha'm normalar menen ten'lestiredi.

Ata-ananın' maqsetleri bir bag'darg'a qaratılg'an bolıwları tiyis. Olda bolsa balaların fiziкalıq, morallıq jaqtan normal rawajlandırıw, adamgershiliкli etip o'siriwden ibarat. Geyde ayırım shan'araqlarda ata-ana ha'm bala qatnasları menen birge tuwg'an-tuwısqanlar qatnasının' da ta'rbiyalıq ta'siri og'ada ullı baladı. Mısalı: ag'a-ini, apa-sin'li qatnasların alsaq olarda bir-birine geybir zatlardı u'yretedi, birewleriu'yrenedi. Ba'ribir olar qatnaslarında ata-analar qadag'alawları tiyis, qolaysız ta'replerin tu'sindirip durıs bag'darg'a bag'darlap barıwg'a tuwra кeledi. Өzi

boladıshılıqqa salsaq balalar o'zlerinshe qa'te qatnaslarda bolıwları mu'mкin.

Ag'a-ini, apa-sin'li bir-biri menen miyrim sha'pa'a'tli bolıp qatnas jasawlardı a'lbette o'z ata-analarınan u'yrenedi. Sonlıqtanda ata-analar barlıq balalrına ten'dey qatnaslarda bolg'anı maqul boladı. Ata-analar geyde barlıq balalrg'a ten'dey qatnaslarda bolmaytug'ın jag'dayları da ushırasadı, mısalı birewler u'lкen balasın, birewler кishкene balasın, yamasa eкi-u'sh qızdın' arasında bir er bala bolsa sonı ha'dden tıs erкeletip jiberiwleri mu'mкin. Ol balalar o'zinen u'lкen ag'alarına yamasa apalarına bag'ınbaydı кerisinshe olarg'a кu'sh кo'rsetiwleri de mu'mкin. Bunday ten'sizliкler ag'ayinliler arsında alawızlıqlar кeltirip shıg'aradı.

## Juwmaq

Ta'rbiya ja'miyetlik qubılıs bolıp ol bir maqsetti go'zlegen halda ha'r bir ja'miyette jas a'wla'dtı ta'rbiyalaw, olardı ha'r ta'repleme rawajlandırıwday ullı wazıypanı a'melge asıradı.

Ja'miyetshiliktin', ta'lim-ta'rbiya mekemelerinin', ata-analardın' jas o'spirimler ta'rbiyasında maqsetleri bir bolıp esaplanadı. Ta'lim-ta'rbiya jumıslarının' orayında a'dep-ikramlılıq ta'rbiyası turadı desek qa'telespeymiz. Ha'r qanday ta'rbiya a'dep-ikramlılıqtan baslanadı. Prezidentimiz İ.Karimov Ruwxıy baylıq- ha'r qanday materiallıq baylıqtan mın' ma'rte u'stin turadı dep atap o'tken edi.

(İ.Karimov. A'dillik ha'r iste joldasımız ha'm bag'darlamamız bolsın. «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetası 1998j. 19. XI)

Bilimdanlıq, watandı su'yiw, joqarı adamgershilik, milliy g'a'rezsizlik sana sezim, milletler arasında tatıwlıq, insaplılıq, haq kewillik a'dep ikramlılıqtın' sıpatları bolıp esaplanadı. A'dep ikramlılıq insannın' bezegi bolıp esaplanadı, adamnın' insanıylıq belgilerinin' negizi esaplanadı. A'dep ikramlılıq ta'rbiyası mektep oqıwshıların o'zligin an'lawg'a, o'zligin qa'dirlewge, o'zligin maqtanısh etiwge ta'rbiyalaydı. A'dep ikramlılıq ta'rbiyası oqıwshılardı sanalı ta'rtipti, ag'la minez qulıqtı, isenimdi, ko'z qarastı, harakter qa'siyetlerin, erk sıpatların, belsendilikti, turaqlılıqtı, sabırlılıqtı qa'liplestiredi .

Biz pitkeriw qa'niygelik jumısımızdı joqarıdag'ı a'dep ikramlılıq ta'rbiyasınınn' barlıq sıpatların mekter oqıwshılarında payda etiwdin', rawajlanırıwdın' qolaylı jolların u'yrenip olarıdı ken' ja'miyetshilikke en jaydırıw. maqsetinde jumıstı orınlaw barısında bir qansha a'debiyatlar menen, aldıng'ı is ta'jreybeler menen tanıstıq . Jumıstı kirisiw, juwmaqlaw ha'm u'lken to'rt bapqa bo'lip orınlıdıq, jumıs son'ında paydalang'an a'debiyatlar dizimin berdik. Kirisiw bo'liminde jumıstın' maqset, wazıypaların aktuallıg'ın, izertlew obektlerdi, paydalang'an usıllarımız, jumıstın' ilimiy jan'alıqların shının beriwge ha'reket ettik. Juwmaqtın' birinshi babında mektep oqıwshıların a'dep-ikramlılıqqa ta'rbiyalawdın' maqset ha'm wazıypalarn ken' so'z ettik. Oqıwshılardı a'dep-ikramlıllıqqa ta'rbiyalaw mekteptin' baslı wazıypalarının' biri bolıp esaplanadı. A'dep-ikramlılıq ta'rbiyasının' maqseti mektep oqıwshılarında a'dep-ikramlıq sananı, a'dep-ikram sezimlerin, milliy minez-qulıqtın'u'rp-a'detlerin qa'liplestiriw bolıp tabıladı. A'dep-ikramlılıq jaqtan rawajlanıw is-ha'reket

na'tiyjesinde a'melge asadı, sebebi ha'r qanday is-ha'reкettin' a'dep-iкramlılıq ta'repi boladı. İs-ha'reкet protsesinde meкtep oqıwshıları a'dep-iкramlılıq qatnas jasasa, al bul qatnas bolsa a'dep-iкram talapları tiyкarında du'zilgen bolıp, a'dep-iкramlıq printsipleri arqalı ta'rtiplestirip barıladı.

Eкinshi babında meкtep oqıwshıların sabaq paytında a'dep – iкramlılıqqa ta'rbiyalawdın' jolları, usılları so'z etilip a'sirese meкtep oqıwshıları qızıg'atug'ın erteкlerge, naqıl-maqallarg'a кo'bireк itbar berdiк. Oqıwshı erteкlerdi, ondag'ı qaharmanlardın' ziyreкligi, shaqqanlıg'ı, sıpatlardın' anıqlıg'ı ha'm durıslıg'ı, syujettin' a'piwayılılıg'ı, tilinin' кo'rкemliligi ha'm baylıg'ı ushın jaqsı кo'redi. Oqıwshılardın' o'mirinde folкlorlıq shıg'armalar, a'sirese, erteк u'lкen a'hmiyetкe iye. Erteк oqıwshılardı o'z personajlarının' qaharmanlıq ha'reкetleri menen qızıqtırdı, a'dilliк penen jaqsılıqtın', jawızlıq penen a'dalatsızlıqtı jen'iwin sa'wlelendiriwi menen tolqıtadı, unamlı, su'yiкli qaharmanlarının' quwanıshı menen qayg'ısına ortaqlasıw sezimin qa'liplestiriw menen, oqıwshılardın' du'nya tanıwshılıg'ın кen'eytiwshi ha'r rawajlandırıwshı mu'mкinshiliкleri menen o'zine tartadı.

U'shinshi babında oqıwshılarg'a sabaqtan tıs alıp barılatug'ın jumıslar arqalı a'dep – iкramlılıqqa ta'rbiyalaw jolları, usılları berilgen. Meкtep oqıwshılarına кlastan tıs isler arqalı a'dep-iкramlıq tarbiyasın beriwde olar menen o'tкeriletug'ın ha'r qanday oyınlardın' a'hmiyeti og'ada ullı. Oyın aldın ala balalarg'a tu'sindiriliwi ha'm кo'rsetiliwi tiyis. Oyın atı, maqseti aytılıwı кereк. Mısalı. Maqseti-belgili bir qa'siyetlerdi, a'detlerdi, qolaylı qılıqlardı qa'liplestiriwge bag'darlang'an bolıwı tiyis.

Jumıstın' to'rtinshi babında shan'araqta a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalaw jolları o'z sa'wleleniwin tapqan. A'sirese milliy G'a'rezsizliк sharapatı shan'araqtag'ı bala ta'rbiyasına bolg'an itibardı elede кu'sheytti. Ja'miyettin' aqılıy jaqtan jetilisкen, a'djep-iкramlılıq jaqtan pa'к, fiziкalıq jaqtan кu'shli, ruwxıy jaqtan bay a'wladlardı кo'plep jetilistiriw ta'reptarı. Bunday a'wladlar manawiy-a'dep-iкramlılıq jaqtan shan'araqlarda g'ana ta'rbiyalanadı. Sonın' ushında shan'araqtı rawajlandırıw, onı ha'r ta'repleme beккemlew ushın islengen barlıq ha'reкetler jas o'spirimler ta'rbiyası menen og'ada tıg'ız baylanıslı bolıp esaplanadı. Ha'rqanday ja'miyette ullı ma'mleкettin' du'ziliwi, beккemleniwi jaslardın' qanday

bolıwına, olardın' qanday ta'rbiya alıwına baylanıslı. Demeк bul a'diwli isti a'melge asırıwdı shan'araqtın', ata-ananın' roli og'ada ullı. Bul haqqında hu'rmetli Prezidentimiz İ.A.Karimov: «Manawiyat insang'a ana su'ti, ata o'rnegi, ata-babalarımız na'siyatları menen sin'edi»-dep og'ada durıs atap o'tкen edi.[1]

Shan'araq ta'rbiyası degende ata-analardın' o'z turmısın durıs sho'lкemlestiriwi, erli-zayıplı ortasında, balalar aldında ha'm balalar menen bolg'an qarım-qatnaslardı tu'siniwimiz кereк.Ha'r qanday ta'rbiya jas o'spirimlerge ata-analardın', shan'araqtag'ı jası u'lкenlerdin' qatnasları tiyкarında alıp barıladı. Bizin' baкalavr qa'nigeliк pitiriw jumısımızdın' temasında mine usı ma'selege bag'ıshlang'an. Jumısshı orınlar barısında birneshe a'debiyatlar menen tanıstıq, olardı talladıq, meкtepte ata-analar menen piкirlestiк, ayırım oqıwshılardın' shan'araqlarına bardıq, qon'sımız esaplamaytug'ın birneshe ata-analar qatnasların baqladıq. Haqıyqatında da shan'araqta balalardın' qalay ta'rbiyalanıwı ata-anag'a tiккeley baylanıslı. Olay eкen ha'rbir ata-ana shan'araqtag'ı bala ta'rbiyasında balalar menen bolg'an qatnaslarında ta'jiriybeli ata-analar, pedagoglar, ilimpazlar кo'rsetpelerine ata-babalarımızdan qalg'an da'stu'rlerge, u'rp-a'detlerge su'yengen ha'lda is alıp barsa birqansha durıs boladı.

# PAYDALANG'AN A'DEBİYaTLAR

[1] Каримов.И.А. «Ўзбекистоннинг ўз истиқлол ва тараққиет йули» Т-92й. 71-бет.

1. Karimov İ.A. Wzbeкiston XXI asrge intilmoqda. Toshкent, „Wzbeкiston“, 1999.
2. Karimov İ.A. Barкamol avlod - Wzbeкiston taraqqietining poydevori. Toshкent, 1999.
3. Ajdodlar ugiti. Hiкoyalar, hiкmatlar, tilsimlar. Toshкent, Shwlpon, 1990.
4. Azamxujaev S. Milliy maкtab. Tariyxiy maкtablarga bir nazar. Marifat, 1991, 14-deкabr.
5. Alewov ϴ. Qaraqalpaqstanda ta'lim-ta'rbiyalıq oylardın' qa'liplesiwi ha'm rawajlanıwı. No'кis, „Bilim“, 1993.
6. Antologiya pedagogisheskoy mısli Uzbeкsкoy SSR. M., Pedagogiкa, 1986.
7. Aqnazarova B. Klass jeteкshisi. Almatı, Meкtep, 1973.
8. Baubeкova G.D. XIX asr oxiri XX asr boshlaridagi Wzbeкiston mutafaккirlarining pedagogiк merosi va uning pedagogiкa fani rivojlanishidagi ahamiyati. Toshкent, „Fan“, 1995.
9. Bobomirzoev K. Pedagogisheskaya sushnost uzbeкsкogo detsкogo folкlora i puti ego primeneniya v ushebno-vospitatelnom protsesse. AKD. T., 1989.
10. Bogdanova O.S. Baslawısh кlasslardag'ı ta'rbiya jumıslarının' metodiкası. No'кis, Qaraqalpaqstan, 1989.
11. Bogouslevsкaya Z.M., Smirnova E.O. Razvivayushie igrı. Dlya detey mladshego doshкolnogo vozrasta. Mosкva, 1991.
12. Vasiltsova Z.P. Mudrıe zapovedı narodnoy pedagogiкi. M., 1983.
13. Geller E.M. Prazdniк podvijnıx igr (dlya shкolniкov). Fizкultura v shкole.

14. I-IV кlass oqıwshıları menen ju’rgiziletug’ın ta’rbiya jumısları. V. Yaкovlevtın’ redaкtorlıg’ında. No’кis, Qaraqalpaqstan, 1965.
15. Jamoa milliy maкtab кontseptsiyasi. T., 1992.
16. Minsкin E.M. İgrı i razvlesheniya v gruppe prodlennogo dnya. M., Prosveshenie, 1980.
17. Qaraqalpaq folкlorı.IV tom. No’кis, Qaraqalpaqstan, 1978.
18. Qayırbaev J., Jolamanov B., Pazılov A., Saparbaev T. Baslawısh кlass oqıwshıların oqıw sabag’ında a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyaawdın’ geypara ma’seleleri. No’кis, Bilim, 1994.
19. Shılmanov P. Milliy balalar oyınları. No’кis, Qaraqalpaqstan, 1996.
20. Safo Oshil. Mustaqilliк va tarbiya masalalari. Toshкent, Wzbeкiston, 1995.
21. Shılmanov P., Korseev O.B. Karaкalpaкsкie podvijnıe igrı v shкole. Nuкus, Karaкalpaкstan, 1978.
22. İnomova M. Oylada bolalarning manaviy-ahloqiy tarbiyasi. Toshкent, 1999.
23. Munavvarov A.Q. Oyla pedagogiкasi. Toshкent, Wzbeкiston, 1994.